ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№151 (23.559) ● 2017 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 9, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Ю. А. Башкортостан Республикэм и Іэтащхьэ Хамитов Р. З. хуэзгуэзэщ Бирскэ районым щыщ Угузевэ къуажэм къыщыхъуа мафІэсым цІыхубгъу зэрыхэкІуэдам къыхэкІыу

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я цІэкІэ сыфхуогузавэ республикэм и Бирскэ районым щыщ Угузевэ къуажэм къыщыхъуа мафІэсым цІыхубгъу зэрыхэкІуэдам къыхэкІыу.

Егъэлеяуэ гущІыхьэщ абыхэм сабийхэри зэрахэтщі. Къэхъуа гуэзэвгъуэм дэри дегъэнэщхьей. ХэкІуэдахэм я унагъуэхэм дазэрыхуэгузавэр, фэбжь зыгъэтахэм я узыншагъэр икІщыпІэкІэ зэтеувэжмэ дызэригуапэр тхуажепІэжыну сынолъэІу», - къыщыгъэлъэгъуащ телеграммэм.

Башкортостан Республикэм и нэщхъеягъуэ махуэу щытащ шыщхьэуІум и 7-р. УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Башкирием щыІэм къызэритамкІэ, Бирскэ районым мафІэс къыщыхъурэ, пхъэзэтеупщІэ псэупІэ унэр исащ. Абы сабийуэ тху яхэту, цІыхубгъу хэкІуэдащ. ЦІыхуищым фэбжьхэр зрагъэгъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм я бжыгъэм хощІ

УФ-м и цІыхухэр гъуэгум шынагъуэншэу тетыным хуэунэтІа «Шынагъуэншагъэр я гъуазэу» къыхуеджэныгъэм щІэт Іуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщрагъажьэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связькІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Къудей Арсен, Урысей МВД-м и ГУОБДД-м и унафэщым и къуэдзэ Добряков Сергей, «Шынагъуэншэу гъуэгум тетын» Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Мельников Вадим, нэгъуэщІхэри.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм цІыху куэд зэрыхэкІуадэр къалъытэри, МВД-м и Къэрал автоинспекцэмрэ «Шынагъуэншэу гъуэгум тетын» экспертнэ Іуэхущ Іапі Іэмрэ зэщІыгъуу ирагъэжьащ «2013 - 2020 гъэхэм гъуэгум шынагъуэншэу тетын» Федеральнэ Іуэхур.

Абы ипкъ иту республикэм щрагъэкІуэкІыну зэІущІэхэм ирагъэблагъэнущ еджакІуэхэр, си ныбжьыр хэкІуэтахэр, машинэкІэ сабий къэзышэкІ адэ-анэхэр, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ «Шынагъуэншагъэр я гъуазэу» зыфІаща Іуэху щхьэпэр Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ Шэшэн Республикэмрэ тхьэмахуитІ ипэкІэ зэрыщагъэжьэр.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий жиІащ республикэм къыщыхъу гъуэгу насыпыншагъэхэмрэ абы хэкІуадэхэмрэ я бжыгъэм иужьрей мазихым зэрыхэщІар:

- Машинэхэр гъуэгум шынагъуэншэу тетыным, іъэсу зекІуэхэми хабзэр ягъэзэщІэным гупытэ худощІ икІи, 2016 гъэм ельытауэ, 2017 гъэм и блэкІа мазиблым екъуІэнныгъэфІхэр диІэщ. Кыыхэзгъэщыну сыхуейт а лэжьыгъэ щхьэпэмкІэ ди хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэр щІэгъэкъуэн къыщрытхуэхъур - дызытепсэлъыхь Іуэхугъуэм теухуауэ тхыгъэ 780-рэ къытехуащ ди газетхэм. КъищынэмыщІауэ, Тэрч щыналъэм и автошколэр зыхуей хэдгъэзэжащ, гъуэгум тету фэбжь зыгъэтахэм я узыншагъэр зэфІэгъэувэжыным гулъытэ худощІ, - жиІащ Мусуковым.

Урысей МВД-м и ГУОБДД-м и унафэщым и къуэдзэ Добряков Сергей зэрыжиІамкІэ, Іуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм я процент 80-р зи ягъэр лъэсырыкІуэхэращ. Сыту жыпІэмэ, абыхэм яхухэха гъуэгу зэрпыкІыпІэхэр къамыгъэсэбэну, я щхьэ къызэрихьэм хуэдэу тохьэ, светофорхэм еплъыркъым, гъуэгур хуит къыхуащІыху пэплъэркъым. Ар къызыхэкІыр Іуэгум зэрытет хабзэхэм зэрыщымыгъуазэр, щыгъуазэми, къаззрыфІэмыІуэхуращ.

- А псори къэплъытэмэ, ди цІыхухэм я жэуаплныгъэм хэгъэхъуэным, гъуэгум зэрытет хабзэхэр яхэлъхьэным елэжьын хуейщ. Псалъэм папщІэ, сабийхэр къызэрырашэкІ тІысыпІэхэр ди цІыхухэм я процент 77-м яІэщ, ауэ къэзыгъэсэбэныр процент 35-рщ. ПщыхьэщхьэкІэ, жэщкІэ Іуэгум тетыр хэозыгъэлъагъу ІэмэпсымэцІыкІуэхэмкІэ цІыхухэр къызэгъэпэщакъым, апхуэдэ хъэпшып мелуани 3-м щІигъу дгуэша пэтми. Мы Іуэхур къызэрыхэтлъхьэрэ сом меларди 7,3-рэ тедгъэкІуэдащ. Гъуэгум щагъэзэщІапхъэ хабзэхэм ди цІыхухэм зыщагъэгъуэзэфын папщІэ дгъэхъэзыра тхылъхэм, нэтынхэм, дгуэша хъэпшыпхэм, нэгъуэщІ Іуэхухэм, - къыхигъэщащ Добряковым.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъам тепщІыхьмэ, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ хуащ иужьрей илъэситІым. Ар щыхьэт тохъуэ КъБР-м дыгуасэ щрахьэжьа лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэм, ар ди цІыхухэм къаззрыхуэщхьэпэнум. Мыхьэнэ иІэщ япэ зэІущІэр сабийхэм я узыншагъэр щызэфІагъуэвэж «Радуга» санаторэм зэрыщрагъэкІуэкІами.

ФЫРЭ Анфисэ.

♦Щалъхуа щыналъэ щыпсэуж лъэпкъэм я дунейпсо махуэщ

♦Болгарием и Дзэ-тендджыз флотым и махуэщ

♦Канадэм щагъэлъапІэ мамырщІэкъуэхэм я махуэр

♦1173 гъэм Пизэ кІалэм (Италие) ухуэн щыщІадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цІэрыІуэ щызыщІар лъэныкъуэкІэ ещІауэ зэрыщытырщ. 1173 - 1250 гъэхэм ищхьэрэкІэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкІэ ещІащ. А чэщанэр дунейм ихъугъуэфІыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.

♦1859 гъэм Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ къратащ.

♦1940 гъэм Берлин - Багдад гъущІ гъуэгур ухуэн яухащ.

♦1942 гъэм блокадэм и Ленинград кІалэм щагъэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфониер».

♦1945 гъэм СССР-м Японием зауэ ирищІылІащ, и дзэхэр Маньчжурием иришэри.

♦1945 гъэм Японием и Нагасаки кІалэм США-м и къухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Цыху мин 74-рэ хэкІуэдауэ, кІалэм щыщ Іыхьэшхуи зэтракъутауэ щытащ.

♦1965 гъэм Сингапурыр Малайзием къыхэкІри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.

♦1990 гъэм Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр кІащтащ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ ар УФ-м щыщІ Карелие Республикащ.

♦1990 гъэм «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.

♦1992 гъэм Барселонэ (Испание) щызэхуащІыжащ XXV Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 189-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкакіуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Политик, 1994 - 2005 гъэхэм Украинэм и президенту щыта **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыкІуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 34-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Гъавэр Іухыжын яухащ

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм хьэцэпэцэмрэ джэшэкІэхэмрэ зэщІакъуэжащ.

АБЫХЭМ я бэвагъыр ику иту центнер 32,2-рэ е нэгъабэ елъытауэ процент 104,5-рэ мэхъу. Бжьыхьэсэ гуэдым гектар кІэхэ центнер 36-рэ къытрахащ, ари 2016 гъэм елъытауэ центнери 2,4-кІэ нэхъыбэщ.

Махуипщ дэкІмэ, мэкъумэшыщІэхэм нартыхумрэ сэхуранымрэ кърахьэлІэжу щІадзэнущ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бажэм дыгъужьибл къегъапцІэ.

● «Мэшыкъуэ-2017»

ЩІалэгъуалэр Іуэху инхэм трагъэгушхуэ

Мэшыкъуэ щекІуэкІ щІалэгъуалэ зэхьхьэм шыщхьэуІум и 6-м яхуеблэгъат ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхмкіэ Федеральнэ агентствэм и унафэщІ Бугаев Александрэ абы и къуэдзэ Драгуновэ Екатеринэрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ ди къэралым щІалэгъуалэм зрыгъэужьыным теухуауэ ищІэну и мурадхэм, а Іуэхуэхэр хэгъэгуэм къаззрылъэІэсыным.

БУГАЕВЫМ къызэрыхигъэщамкІэ, 90 гъэхэм къалъхуахэм я бжыгъэр зэрымащІэм къыхэкІыу, къэралыр ирикъуркъым щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлъхэм. Абы къыхэкІыу иджырей щІалэгъуалэм, Мэшыкъуэм щызэхуэсахэм хуэдэхэм, я пщэ жэуапльныгъэшхуэ дэлъыщ, къэралым и зыужьныгъэр абыхэм елъытауэ щытынущи.

- А щхьэусыгъуэращ дэнэ щІыпІэ щыпсэу ныбжьыщІэхэми я жэрдэмыр дэІыгъыныр япэ щІрагъэщІыр. Мыхьэнэ ин зиІэ мыпхуэдэ щІалэгъуалэ зэхьхьэхэм ди къэралым цІыху мин 320-м щІигъу къыщыщІэщІаубыдэ, - жиІащ абы.

Бугаевым къызэрыхигъэщамкІэ, «Мэшыкъуэ-2017»-м къекІуэлІа щІалэгъуалэм я проект нэхъыфІхэр ирагъэгъэзэщІэным мы гъэм сом мелуан 85-рэ трагъэкІуэнущ, ди къэралым зэрыщыту апхуэдэ Іуэхухэм хухихащ сом мелуан 250-рэ.

Къэблагъэ зэманым я мурадхэм я гугъу щищІым, «Диалог на равных» проектыщІэм тепсэлъыхьащ. Ар зытеухуаращи, ди къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэм ирагъэпсэльэнущ цІыху цІэрыІуэхэр, политикхэр, хьэрычэтыщІэхэр, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр. Апхуэдэ щІыкІэкІэ щІалэгъуалэр Іуэхушхуэхэм трагъэгушхуэну я мурадщ.

Уи лэжьыгъэр ягу дыхьэу а Іуэхур и кІэм зэрыныгъэсэн мыльку къуатын щхьэкІэ зэрызыбгъэхьэзырынум тепсэлъыхьащ Драгуновэ Екатеринэ, а лэжьыгъэхэм хэплъэну къэпщытакІуэхэри ныбжьыщІэхэм яригъэцІыхуащ.

«Мэшыкъуэ-2017» щІалэгъуалэ зэхьхьэм и пресс-Іэнатіэ.

ТхылъымпІэм нэмыса гупсысэр щымыІэххам хуэдэщ

● Тхылъыщіэ

УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъШР-м, АР-м щІыхь зиІэ журналист Мэшыкъуэ Тэзал «Услышанное слово» зыфІища и тхылъыщІэр иджыблагъэ къыщыдигъэкІащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм.

ТЭЗАЛ абы щызэхуихьэсащ иужьрей илъэсым къриубыдэу газетым къытрыригъэдза и тхыгъэхэмрэ къытемыхуахэмрэ. Мэшыкъуэр абыхэм щытопсэлъыхь Налшык кІалэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, кІэапщтэмэ зэрыгъэзэну, щыхубгъэ зыгъэгуэвыхь Іуэхугъуэхэм, кІеІуатэ езыр абыхэм зэрегупсыс щыкІэр.

«Пенсэм сызэрыкІуэрэ куэд щІащ. Ауэ си Іэщ Іагъэр зэи Іэщ Іыб сщІакъым. ТхылъымпІэм нэмыса гупсысэр щымыІэххам хуэдэщ. Ар хьэкъ сщыхъуащи, илъэс пщІы бжьыгъэ хуауэ сэ къалэмымрэ тхылъымпІэмрэ сыт щыгъуи си Іэпэгъущ», - апхуэдэу щытх Тэзал пэублэ псалъэм.

Мэшыкъуэм игу кьеГъэкІыж икІи Унафэщ Іу щыта Мамхэгъ Михаил трилухуа тхыгъэм, апхуэдэуи абы гупытэ яхуищІащ зэфІэкІ хъарзынэхэр къэзыгъэлъэгъуа щІалэгъуалэм. Абыхэм ящыщщ театрыр, кинор, уэрэд жыІэныр зэдзэныхьыф Жэман Іэминэ, Канны щекІуэкІа дунейпсо фестивалым зи фильмыр («Теснота») щызыгъэлъэгъуа, абы саугъэт къыщыщыхьа Бэлагъы Къантемыр сымэ.

Мэшыкъуэм адэкІи лэжьэну, тхэну кьеГъэгугъэ и щІэджыкІакІуэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къамыгъагъэ щІыкІэ

● Гу зылъытапхъэ

Аллерген нэхъ гуащІэхэм хабжэ губгъуэжьыхьапхъэр (аброзиер) къэгъэгъэным къэнэжар тхьэмахуитІ зэхуакуащ.

МЫ ІУЭХУМ ехьэлІауэ Налшык къалэ администрацэм зэгурыІуэныгъэхэр ярищІылІащ «Горэленхоз», «Декоративные культуры» Іуэхущ Іапі Іэхэм. Къапщтэмэ, иджыпсту дэнэ и дежи щыпІалъэгъунущ а удзым и жэпкъ щхьэнтІэ зызыужьахэр: фэтэр куэд хъу унэхэм зэтет я бжэІупэхэм, унэ щыбгаГъхэм, лъэс зекІуэпІэхэм, гъуэгубгъуэм. Ахэр апхуэдэу щыбгъэгъащ псыхъуэхэмрэ гъавэ щІапІэхэмрэ.

Зи гугъу тщІа Іуэхущ Іапі Іэм я лэжьакІуэхэм кьалэн щащІащ а удзыр Іэмал зэриІэкІэ кьалэ кІуэщІым щагъэмэщІэну. Уней Іуэхущ Іапі Іэхэм, лъапсэхэм я Іэгъуэблагъэр ар зейхэм яГъэхьэбзэн хуейуэ ягъэуващ. Псом нэхърэ нэхъ гугъур ар кьипчу бгъэсынри къэпхынри къызэремызэгъырщ: бгъэсам и Іугъэри зэранышхуэщ - аллергие кьуитынущ, кьэпхмэ, зы гъэГъам и пІэм хуэдитху е нэхьыбэ кьикІэжынщ. Іэщ Іагъэ Іпі Іэм къызэрыхагъэщымкІэ, ахэм щІыпІэ яхуохэхэу щызэхуэхьэсын хуейщ, зыри кьыхэмынэжьхуу гъун хуэдэу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм щыщхьэуІум и 1-м Налшык къалэ №450-рп

1. 2030 гъэм нэс тещІыхьа къэрал щэнхабзэ политикэм и стратегиер 2017 - 2018 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэзэщІэным теухуауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я планыр (адэкІэ - Планщ) къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Планым къриубыдэу зэфІагъэкІхэр унэтІыныкмкІэ, яГъэува Іуэхуэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныкмкІэ, апхуэдэу зыхуэфащэ информацэр Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм етыныкмкІэ жэуап зыхь уполномочены Іуэгуну гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэр.

3. Мы унафэр зэрэзэщІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэр кьару ямыІэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм щыщхьэуІум и 3-м Налшык къалэ №141-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт Іэнатіэм зегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа унафэ №295-ПП-мкІэ кІиштам, халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Кьару ямыІэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкІэлъыкІуэхэм:

«Гъэуг хозяйствэм пыщІа лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и субсидиехэр муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэм зыхухах икІи а ахъшэр къызэрагъэсэбэн Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» №63-ПП-м щІэту 2015 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкІам;

«Гъэуг хозяйствэмкІэ муниципальнэ фондхэр къызэрагъэпэщын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и субсидиехэр муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэм зыхухах икІи а ахъшэр къызэрагъэсэбэн Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» №292-ПП-м щІэту 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м къыдигъэкІам;

«Гъэуг хозяйствэмкІэ муниципальнэ фондхэр къызэрагъэпэщын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и субсидиехэр муниципальнэ щІыналъэхэм я бюджетхэм зыхухах икІи а ахъшэр къызэрагъэсэбэн Хабзэр зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» №50-ПП-м щІэту 2017 гъэм гъатхэпэм и 27-м къыдигъэкІам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● Щэнхабзэ

ЗэхъуэкіыныгъэфІхэр щыІэщ

Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэм ит аттракционыр къощІэрэщІэж.

АБЫ и унафэщІ Факъуэ Залымхъан дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, щІэкІыпІэ-щІыхьэпІэ куэду зэхэт джэгупІэр яГъэуващ. Куэд мыщІэу абы къыкІэлъыкІуэнущ кьежэхьпІэхэр, лъэмыж, бгъуэнщІагъ цІыкІуэхэр. ДжэгупІэ утыр хьэфэкІэ кьращІыкІыжащ, сабийхэр джалэ хьумэ, ущІытешыныхьын щымыІэу. Апхуэдэу утыр и хьуреягъкІэ кьахухьащ, сабийхэр къэухьэм дэмыпщфын хуэдэу.

Иджыпсту загъэхьэзыр метр зэбгъуэзнатІэ 350-рэ зи инагъ сабий автодром яухуэну. Абы машинэ 15 итынущ. Автодромым щхьэ теГъэнущ, щыуэфІми щыуэлбанэми цІыкІуэхэм хьыщажьхь хьууэ. ЩІэуэ яГъэувыну нэгузегъэужьыпІэхэм ящыщщ мафІэгу цІыкІуэхэр, щыгъуазэ.

Аттракционым щекІуэкІыну зэхъуэкІыныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ утыкум ит щэрхъ кІэрахьуэр. Нобэм къэс абы и лъагагъэ щытар метр 26-рэщ. ЩІэуэ зэгъэувынум метр 50-кІэ зиІэтынущ. Щэрхьэр кьалэм бгъкІэ хуэгъэзауэ яГъэувынущ икІи кьагъэнэхунущ, кьалэ уэрамхэм удэту хуиту плъагъун хуэдэу. Мы зэхъуэкІыныгъэхэм куэдыр зыщыгуфІыкІыпхъэ нэгъуэщІ зы Іуэху зыхьэдэкІуащ - ныкъуэдыкІуагъ зыбгъэдэлъ цІыкІуэм папщІэ аттракцион щхьэхуэ яухуэну я мурадщ. Абы сабийхэр пщІэншэу кІуэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

♦Щалъхуа щыналъэ щыпсэуж лъэпкъэм я дунейпсо махуэщ

♦Болгарием и Дзэ-тендджыз флотым и махуэщ

♦Канадэм щагъэлъапІэ мамырщІэкъуэхэм я махуэр

♦1173 гъэм Пизэ кІалэм (Италие) ухуэн щыщІадзащ чэщанэ. Ар дуней псом цІэрыІуэ щызыщІар лъэныкъуэкІэ ещІауэ зэрыщытырщ. 1173 - 1250 гъэхэм ищхьэрэкІэ, 1272 - 1997 гъэхэм ипщэкІэ ещІащ. А чэщанэр дунейм ихъугъуэфІыгъуэхэм яхибжащ ЮНЕСКО-м.

♦1859 гъэм Америкэм щыщ Эймс Натан эскалатор къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ къратащ.

♦1940 гъэм Берлин - Багдад гъущІ гъуэгур ухуэн яухащ.

♦1942 гъэм блокадэм и Ленинград кІалэм щагъэзэщІат Шостакович Дмитрий и «Ебланэ симфониер».

♦1945 гъэм СССР-м Японием зауэ ирищІылІащ, и дзэхэр Маньчжурием иришэри.

♦1945 гъэм Японием и Нагасаки кІалэм США-м и къухьлъатэм атомнэ бомбэ щридзыхащ. Цыху мин 74-рэ хэкІуэдауэ, кІалэм щыщ Іыхьэшхуи зэтракъутауэ щытащ.

♦1965 гъэм Сингапурыр Малайзием къыхэкІри, къэрал щхьэхуэ хъуащ.

♦1990 гъэм Карельскэ АССР-м и къэрал суверенитетым теухуа унафэр кІащтащ. 1991 гъэм къыщыщІэдзауэ ар УФ-м щыщІ Карелие Республикащ.

♦1990 гъэм «Эхо Москвы» радиостанцым лэжьэн щІидзащ.

♦1992 гъэм Барселонэ (Испание) щызэхуащІыжащ XXV Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦Кавказым и археолог, археограф **Берже Адольф** къызэралъхурэ илъэси 189-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкакіуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Политик, 1994 - 2005 гъэхэм Украинэм и президенту щыта **Кучмэ Леонид** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ уэрэджыкІуэ, актрисэ **Хьюстон Уитни** къызэралъхурэ илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 34-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

«Налшык и Газпром газ тегъуэшапІэ» Іуэхущ Іапі Іэм и Іэщ Іагъэлъ Іэхэм 2017 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу сэтей къащІащ хуит ямыщІауэ бжьамийхэр яугъуэнурэ газыр пызыдза щІыхуу. Іуэхущ Іапі Іэу 300-м щІигъу.

НЭХЪ зэхэхауэ жыпІэмэ, а къуаншагъэхэм ящыщу 302-р предприятэхэм ялэжьащ. Апхуэдэ хабзэншагъэхэр зылэжьахэр уголовнэ, административнэ жэуапым ирашэлІэн папщІэ зыхуэфащэ тхылъхэр иратащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм.

Хуит ямыщІауэ газыр пызыдзахэр нэхъыбэу здэщыІэр Прохладнэ, Бахъсэн районхэрщ. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэхэр зылэжьахэм газыр паубыдащ икІи ар щратыжынур хабзэншагъэ псори яГъэзэкІуэжа нэужьщ.

«ЕдгъэкІуэкІ апхуэдэ лэжьыгъэхэр зыхуэзэнтІар газыр къэгъэсэбэныпым пыщІауэ щынагъуэ къэмыгъэхъунырщ, цІыхухэмрэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ я гъэсыныпхъэмкІэ зэблэу къыхэмыкІыу къызэрыгъэпэщынырщ. Законодательствэр къызэпызыудхэм езыхэми адрей цІыхухэм зыхуэзэнтІар газыр къэгъэсэбэныным пыщІауэ щынагъуэ къэмыгъэхъунырщ, цІыхухэмрэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ я гъэсыныпхъэмкІэ зэблэу къыхэмыкІыу къызэрыгъэпэщынырщ. Законодательствэр къызэпызыудхэм езыхэми адрей цІыхухэм зыхуэзэнтІар газыр къэгъэсэбэныным пыщІауэ щынагъуэ къытрагъэхьэ. Ныкъуэканыгъэ зыгъуэта газ бжьамийхэр хуабжьу щынагъуэ икІи абыхэм гуэзвэгъуэшхуэ къарикІуэнкІэ хъунущ. Абы къыхэкІыу ди лэжьакІуэхэр Іуэхум емызэшыжу кІэлъоплъ икІи хабзэр къызэпызыудхэр къыщІагъэщ»,- жиІащ «Газпром Налшык и газ тегъуэшапІэ» акционер зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Владимир.

«Налшык и Газпром газ тегъуэшапІэ» акционер зэгухьэныгъэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Хабзэм къемызэгъыу газыр пызыдзэхэр куэд мэхъу

Сэлэбцокъуэ Нуриет, тхакІуэ, журналист (Мейкъуапэ)

Урыс пащтыхь, адыгэ пхъурылъху Симеон

Саин-Булат (христэн диныр къыщыщтэм Симеон зыцІащагр) Идар Темрыкъуэ и пхъурылъхущ, урыс пащтыхь гуащэ Черкасскэ Марие и шыпхъу нэхъыжьым и къуэщ, Астрэхъан пащтыхыгъуэр зылъысын хуеи, иужькІэ Къасым хъаныгъуэм и тет хъуа Бекбулат и къуэщ.

ИЛЪЭСИПЩІ и ныбжьыр 1552 гъэм Саин-Булат ипэ дыдэу Москва щашам. Абы щыІыгъут и адэ-анэр - Бекбулатрэ Алтыншашрэ. Мы хъан гуащэм щхьэкІэ «зи щхьэщыр дыщафэ» жаІэу щытащ.

1561 гъэм Идар Гуащэнэ урыс пащтыхым хуэзышхэм Саин-Булат щІалэщІэри яхэтащ. Ауэ, зэрыжьІащи, ар Москва нэхъ пасэу яшэри, Иван IV и унэм щыпсэууэ, нэгуэщІым дзыхь яхуимыщІу и нэІэ къытету, уеблэмэ росри зыщыщынэ пащтыхым фІыуэ къилъагъуу къэхъуат. Абы зауэлІ хьыжьэ къызэрищІыкІар Ливон зауэм щигъэлъэгъуат, езыр и ныбжькІэ щІалэ дыдэми.

Симеон Дыщэ Ордам тетыгъуэ щызэІыбгъа хъанхэм къатепщІыкІахэм ящыщт, зы зэман абыхэм яІэщІэлъат урысыщІэхэри, езыхэми пащтыхькІэ еджэрт.

Пащтыхь Иван Шынагъуэм къанэ щымыІуэ дзыхь хуищІырт адыгэ пхъурылъхуэм. Ар езыр егъэлеяуэ гурыщхъэущІт, дауи апхъэмыдэнрэт, и анэ Глинская Еленэ, и ипэ щхьэгъуэрэ Анастасие, абы къыхуилъхуэ бынихьм ящыщу плІыр щхъухькІэ ягъэлаМэ?

Иван IV зыгуэр зэхищІыкІ зэрыхъурэ илъэгъуар боярхэм я зэрышхэзэрыпІрэ пащтыхь унэм щызэрахьэ хьэгъэщагъэмрэти, гъэщІэгъуэнт абы и дзыхь зыгуэрым зэрыригъэзыххэр. Саин-Булат цІыху губзыгъэт, и псалъэр игъэпэжынут - абы фІыуэ щыгъуазэт пащтыхьыр. Уеблэмэ гукІи псэкІи зигъэпсэхуну хуеИмэ, КъасымхъаныгъуэмкІуэрти, Саин-Булат дэщІыгъуу щакІуэрт, зыгъэпІейтей Іэхъухэм тепсэлъыхьырт. Езы пащтыхьым и нэІэ щІэту Саин-Булат щІэныгъэ а зэманым зригъэгъуэтати, Иван IV гупсэхугъуэ игъуэтырт абы щепсалъэкІэ, игъэщІагъуэрт, и ныбжьым емыльытауэ зэрыщІыр, Къасым пащтыхьыгъуэ цІыкІур Іэкіуэлакіуэу зэрызэрихьэрт.

Абы къынэмыщІауэ, Къасым хъаныгъуэм щыкІуэкІэ, пащтыхь гуащэ Марие Іэмал игъуэтырт фІыщэу илъагъу и шыпхъу нэхъыжь Алтыншаш бгъэдэсыну, и гум щызэтрихьа псор абы хуиІуэтэну.

Пащтыхьым къыгурыІуэрт и щхьэгъусэр гугъу зэрехьри, и шыпхъум деж зэрызыщигъэпсэхур и гуапэт.

Марие пэжу къызэрыбгъэдэтыр, цІыхугъэ зэрыхэлъыр, и щІалитІым, Иванрэ Фёдоррэ, я анэ дыдэм хуэдэу зэрахуэщабэр, зэрахуэсакъыр пащтыхьым зыхищІэри, езыми Марие насыпыфІэ хъун щхьэкІэ сыти хуищІэнут. Гузэвэгъуэ куэд зыльъэгъуа Иван IV гупсэхугъуэ щигъуэтыр Марие епсалъэу щыбгъэдэсырт.

Пащтыхьыр, я Іэхъу зэрыхъункІэ хъунум здегупсысым, Саин-Булат куэдкІэ зэрыщыгугъыр, абы хуимурадыр нэхъ ІупщІ хъурт.

Иван IV къыгурыІуэрт къэралым зэхъэжкІыныгъэ щегъэкІуэжкІын зэрыхуейр, ауэ ар цІыхубзми къаззэрытехьэлъэнур, боярхэми зэрамдэнур икІи сыт и лъэныкъуэкІи ахэр зэран къыззэрыхуэхъуну ищІэрт. Пащтыхьыр хуейт цІыху къэзыгъэпэжын, и дзыхь зригъэзын. Абы апхъэдэ хуэхъуну кьилъытар пащтыхьыным зи нэ хъыхуимыкІыщэ Саин-Булат.

1575 ГЪЭМ, пащтыхь гуащэ Марие зэрылІэрэ илъэси 6 дэкІауэ, Грозный Иван токІри, пащтыхьыгъуэр Саин-Булат ирет. Ар иджыри зи щыхьэт тохъуэ Иван IV пащтыхь гуащэ Марие и Іыхьлыхэм дзыхь яхуищІу зэрыщытам.

Грозныр, дауи, и тетыгъуэр ибгынатэкъым, пащтыхьыгъуэр зылъысам иращІкІ хабзэ псори Саин-Булат хуащІами. Абы Успенскэ соборым пащтыхь тажьыр къыщыщхьэратІэгъат. Марие и шыпхъу нэхъыжьым и къуэ, Идар Темрыкъуэ и пхъурылъху Саин-Булат Урысей псом и пащтыхь хъуат, Иван IV и унафэкІэ. Ар Земскэ боярхэм я думэм тхьэмадэу щІэст, и цІэр щІэту унафэ къыдигъэкІырт, пащтыхь уардэунэм щыпсэурт.

Грозный Иван игъэзащІэрт пащтыхьыгъуэм щызекІуэ хабзэхэр: Московскийм Іван зыфІищыжьат; шыгу зэщІэщІакІэ къыкІухьырт, боярхэм хуэдэу; тхыгъэкІэ зыкъыхуигъэзэн хуей хъумэ, я нэхъ цІыху къызэрыгуэкІым зэриткьн хуейм хуэдэу: «Государю Великому князю Симеону Бекбулатовичу Всея Руси Иванец Васильев с сыновьями Иванцом, да с Федорцом челом бьют...» жиІэу къыщІидзэрт.

Симеон и адэ, астрэхъан пщышхуэ Бекбулат 1552 гъэм Москва ипэу къэнэжащ. Ар ІэщІэкІэуэдащ тетыгъуэм щхьэкІэ зэрыукІ боярхэм. Хьэгъэщагъэ зэрихьэу, Годунов Борис пащтыхьыгъуэр щиубыдым, Симеон теухуауэ мыпхуэдэу иригъэтхат: «Царя Симеона Бекбулатовича и его детей и иного никого на Московское государство не хотели, не видети, не думати, не мыслити, не дружитися, не ссылатися с царем. Симеон ни грамотами, ни словом не приказывати на всякое лихо...». Абыкіи къэувыІакъым Годуновыр: абы и унафэкІэ Симеон и нэхэр иращІащ.

Лжедмитрий Езанэм тетыгъуэр щиубыдам, Симеон цІыхум ящыгъупщэжьн папщІэ, ар иригъэщащ Вологдэ пэгъунэгъу Кирилло-Белозерскэ къулъушырыфым щІаубыдар. Мстиславскэм ипхъу Анастасие Симеон и щхьэгъусэт.

Симеон и щхьэр щІащэщ, монах щыгъыныр къыщатІагъэри, Стефан цІэри фІащащ. Къулъушырыфыр псэупІэ хуэхъуащ, абы и щхьэгъусэ Анастасии. Ар абы щыпІащ 1607 гъэм.

Лжедмитрий Езанэр ящыкІа нэужь, тетыгъуэр еубыд Шуйский Василий. Абыи кьІупытащ зи щхьэр щІащэ, зи нитІыр нэф, жьыфэ къызытеуа Симеон зэран къыхуэхъуу. Пащтыхь тажьыр зэрыщхьэритІагъэрэ тхьэмахуитІ дэкІауэ арат унафэ щищІам: «Взяти старца Стефана, что был царь Симеон Бекбулатов, ехати с ним по нашему указу, где ему велено». Шуйскэм пащтыхь Симеон иригъэшащ Хы хужьым и хьІтыгухэм щауха Соловецк къулъушырыфым.

1612 гъэм Симеон и благъэхэм Іэхъу ящІри, ар Кирилло-Белозерскэ къулъушырыфым, кьалащхьэм пэгъунэгъум, кьарагъэшэж. Абы дэІэпыкъуат Марие и дэлхъум и къуэ Черкасскай Дмитрий Мамсрыкъу и къуэр - дззэешэ цІэрыІуэр, пащтыхь Черкасский Иван Борис и къуэр (Пожарскэм и ныбжьэгъуэ, и Іэхъу игъэкІуатэр). Черкасский Иваныр Романов Михаил Федор и къуэмрэ зэшыпхъуитІым я бгы. Михаил пащтыхь тажьыр къыщыщхьэратІэгъа махуэм Черкасский Иван боярин ящІат.

Симеон Бекбулат и къуэр илъэс 70-м щІигъукІэ псэуауэ, 1616 гъэм щІышылэм и 25-м дунейм ехьжащ. Пащтыхьым игъуэтыжьын хуей пщІэм хуэдэ хуащІу, абы и хьэдэр Кирилло-Белозерскэ къулъушырыфым къыщІахьыжри, Москва дэт Симоновскэ цІыхухъу къулъушырыфым щыщІалъхьажащ.

Зззыдзэкіар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Урысей пащтыхь Симеон - Идар Алтыншаш и къуэр.

Идар Алтыншаш - Астрэхъан пщым и щхьэгъусэ, Гуащэнэ и шыпхъур.



Лэжьыгъэм и Лыхъужь Бырс Анзор

Нэмыщэ фашист зэрыпхъуакІуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ хозяйствэм сом мелардитІым щІигъу и уасэ хэщІыныгъэ къыхуахьат. Фабрикэхэр, заводхэр, псэупІэ унэхэр, еджапІэхэр, щэнхабзэ Іуэхущ1апІэхэр зэтракъутат мэкъумэщ Іэнатіэхэр зэтрагъэщэхат. Ахэр зэфІэгъэувэжьыным нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми я къарур ирахьэлІэрт. Зэман кІэщІкІэ псэукІэр зэтеухуэжьыкІат. Абы лъабжьэ хъарзынэ хуэхъуащ «1946 - 1950 гъэхэм КСФСР-ий и цІыхубэ хозяйствэр зэтегъэувэжьыным теухуа илъэситху планым и Іуэхукіэ» къащта Законыр. Къэралым колхозхэм защІигъакъуэрт. Ди республикэм зэрылэжьэну шыуэ щитІым щІигъу къратат, гъущІ Іунэ, адакъ, цемент хуэдэхэр хухахьырт, хьэлъэзешэ автомашинэ тхущІ хозяйствэхэм къахуэкІуат.

ІЭЩ гъэхъуным нэрыльагъуу зиужьыжьырт. Къапщтэмэ, 1947 - 1949 гъэхэм къриубыдэу шыхэм я бжьыгъэр процент 54,1-кІэ хэхъуат. Іэщ гъэхъуным республикэм зыщегъэужьыным тещІыхьа илъэсиц планыр гъэззэщІэным хуэзхаубла социалист зэхьэзэхуэм колхози 154-рэ щыІэпеуэрт. Іуащ1эмахуэ щІынальэм хьихь Зеикъуэ къуажэм Кировым и цІэкІэ щыІэхэт колхозыр абы къыхэжаныкІырт.

Хэку зауэшхуэм и пэкІи мы хозяйствэр шы гъэхъунымкІэ республикэм щыпашэхэм ящыщт. Абы и шыбэхэр щиблым нызэрыхьэсырт, щищрэ тІощІыр адыгэш лъэпкъ къабзэхэм я кьэрал тхьилъым хатхат, хакІуэ пщІейм нэблагъэ щхьэхуэу зэрахуэрт. Колхозым и шэщ хэхам илъэс кьэс шы тІощІым щІигъу щІигъуэнэхэрт. Абыхэм ящыщ куэдыр зэхьэзэхуэ инхэм щытекІуэрт.

Мэзкуу шы гъэхъунымкІэ и щІэныгъэхъэхуткІуэ институтым зауэм и пэкІэ колхозыр жьыджэру дэлажьэрт, щыщІэхэр кьыхэхьыным, гъэсэным я щэхуэхэр, хъупІэхэм я щытыкІэр, мэкъумылэр, фІыуэ хищІыкІырт икІи кьызэгъэпэщакІуэфІти, и псалъэр пхыкІырт. Псори зэпашэча, зэпалъыта нэужь, артелым и правленэм и унафэкІэ, Щоджэн ТІолашэ шы фермэр Іэщ1алъхьэ, щІалэ жьыджэр Кьалмыкъ Хьэжмурат шыхъуэ нэхъыжьу хах, шым и пІалъэ зыщІэ Джэдгъэф Пагуэрэ Сыжажэ Кьарэрэ абы гъусэ хуащІ. Іэхъур хуэмурэ кІуатэрт. Ящэ илъэсым шыщІэ 32-рэ фІэкІа кьаІэрымыхьамэ, зэхьэлъэпкІуэм 74-рэ, 1948 гъэм лъхъэн-пІэн кьэс зырыз кьыщІагъэхъуат.

1947 гъэм фокІадэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкІа Указыр колхозхэтхэм гъуаз я яхуэхъуат. Абы тету, Іуэхугъуэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІырт. Шыбзкэр щхьэхуэ ящІат, лъхъэн-пІэну яІэр хэхауэ зэрахьэрт. Фермэм кьаІэн зыщищІыжат кІэрыхьу пъэпкъ къымыгъэхьуну, лъхъэн-пІэн кьэс щІэжьей узынщэ кьыщІагъэхъуэну. Бырс Анзор и нэІэ щІэту, шыхъуэхэм я зэхьэзэхуэр зэщІэпльэрт. Дэтхэнэми шыбз 16 егъэбыдыІатаи, я щытыкІэм тепльэкъуКІыртэкъым.

ХакІуэхэри хуэсакъыу зэрахьэрт. Шыбзхэм хагъэхэзыным мазищ иІэжу, хэкъуэзауэ ягъашхэрт, зэнтхъыу килограмми 5 - 6, мэкъу дыгъэлу килограмми 10 - 12 махуэм иратырт, жащым кьрибубыдэу тІэунэйрэ километри 10 кьрагъэкІухьырт. Мис апхъэдэу егугъуу зрагъэжьауэ, накъыгъэ маздэм и пэщІэдзэм шыбыным хагъэхьэрт. Абыхэм яхэтурэ кьару мащІэ хъууэ гу лъатэмэ, Іус зэхэлъкІэ ягъашхэрт.

Хозяйствэм и унафэщІ Бырс Анзор шыхъуэхэм я зэфІэкІым щыгуфыкІырт, шыІэныгъэшхуэ зэрахэлъэр кьыхигъэщу, иригушхуэу я цІэхэр зэІуцІэхэм кьыщыриІуэрт. ИпэжьыпІэкІэ табынкІэ зэпэщу щыІэмахуэ зэрыщІагъэкІ, шыщІэхэр зэрахьумэ Іэмалхэм ахэр фІыуэ щыгъаззэт. Ґьатхэ маздэм витаминкІэ кьулей удзхэр псынщІэу икІи уэру щызэщІэувэ джабэ нэкІуэм я дыгъафІэ ХъупІэхэм щалыгът, Іусыпхъэ гъущхэм хуэм-хуэмурэ кьапыкІырт. Шхалъэ, кІэтІий узэхэм фІыуэ хищІыкІырт икІи кьызэгъэпэщакІуэфІти, и псалъэр пхыкІырт. Псори зэпашэча, зэпалъыта нэужь, артелым и правленэм и унафэкІэ, Щоджэн ТІолашэ шы фермэр Іэщ1алъхьэ, щІалэ жьыджэр Кьалмыкъ Хьэжмурат шыхъуэ нэхъыжьу хах, шым и пІалъэ зыщІэ Джэдгъэф Пагуэрэ Сыжажэ Кьарэрэ абы гъусэ хуащІ. Іэхъур хуэмурэ кІуатэрт. Ящэ илъэсым шыщІэ 32-рэ фІэкІа кьаІэрымыхьамэ, зэхьэлъэпкІуэм 74-рэ, 1948 гъэм лъхъэн-пІэн кьэс зырыз кьыщІагъэхъуат.

1947 гъэм фокІадэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьыдигъэкІа Указыр колхозхэтхэм гъуаз я яхуэхъуат. Абы тету, Іуэхугъуэ пыухыкІахэр зэфІагъэкІырт. Шыбзкэр щхьэхуэ ящІат, лъхъэн-пІэну яІэр хэхауэ зэрахьэрт. Фермэм кьаІэн зыщищІыжат кІэрыхьу пъэпкъ къымыгъэхьуну, лъхъэн-пІэн кьэс щІэжьей узынщэ кьыщІагъэхъуэну. Бырс Анзор и нэІэ щІэту, шыхъуэхэм я зэхьэзэхуэр зэщІэпльэрт. Дэтхэнэми шыбз 16 егъэбыдыІатаи, я щытыкІэм тепльэкъуКІыртэкъым.

ХакІуэхэри хуэсакъыу зэрахьэрт. Шыбзхэм хагъэхэзыным мазищ иІэжу, хэкъуэзауэ ягъашхэрт, зэнтхъыу килограмми 10 - 12 махуэм иратырт, жащым кьрибубыдэу тІэунэйрэ километри 10 кьрагъэкІухьырт. Мис апхъэдэу егугъуу зрагъэжьауэ, накъыгъэ маздэм и пэщІэдзэм шыбыным хагъэхьэрт. Абыхэм яхэтурэ кьару мащІэ хъууэ гу лъатэмэ, Іус зэхэлъкІэ ягъашхэрт.

Хозяйствэм и унафэщІ Бырс Анзор шыхъуэхэм я зэфІэкІым щыгуфыкІырт, шыІэныгъэшхуэ зэрахэлъэр кьыхигъэщу, иригушхуэу я цІэхэр зэІуцІэхэм кьыщыриІуэрт. ИпэжьыпІэкІэ табынкІэ зэпэщу щыІэмахуэ зэрыщІагъэкІ, шыщІэхэр зэрахьумэ Іэмалхэм ахэр фІыуэ щыгъаззэт. Ґьатхэ маздэм витаминкІэ кьулей удзхэр псынщІэу икІи уэру щызэщІэувэ джабэ нэкІуэм я дыгъафІэ ХъупІэхэм щалыгът, Іусыпхъэ гъущхэм хуэм-хуэмурэ кьапыкІырт. Шхалъэ, кІэтІий узэхэм щахъумэу, хъуным хыхьэн ипэ, мэкъу дыгъэл иратырт.

ХакІуэхэр шыбыным хагъэхьа нэужь, Кьущхьэхъуэр я хэщІапІэт. Фермэм и унафэщІ Щоджэн ТІолашэрэ шыхъуэ нэхъыжьхэ Кьалмыкъ Хьэжмуратрэ лъхъэнпІэным егъэзыпІэ тэмэм кьыхуагъэтырт, шыщІэхэм хъупІэ щхьэхуэ хухахьрт. Махуэ хуабэхэм, гъудэбадзэм щахьумэн щхьэкІэ, хъушэхэр нэхъ щІыпІэ лъагэхэм ягъэІэпхъуэрт, жьым зыдагъаззу ягъэхъуакІуэрт, псыкІэ яхуэбзлэрыгъэтрэкъым.

ЩыщхьэуІум икуэм хакІуэхэр хашыжьырт, лъхъэн-пІэнхэр зы хъушэу зэхагъэхьэжырти, щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзырырт.

Бырс Анзор хуабжьу гумызагъэт: Іэхъу жьГьей лэжьыгъэм хилъагъэрэтэкъым. Шы гъэхъунымкІэ пыщІа сыт хуэдэ Іэмал гъэунэхуарэ фІэлъапІэт икІи абы и хабзэхэм ткІийуэ зэрытетыным хущІэхьурт. МэкъумылэкІэ бэлэрыгъэртэкъым, шыхэм щхьэхуэу яхуэгъэтІылъэрт. Щымахуэ махуэ уэфІхэм табыным бгы лъапэм зэрызыщаукъуэдийм, шыщІэхэм зэрызаужьым, я зэфІэкІыр зыхуэдэм ткІийуэ кІэлъыплъырт.

Шы гъэхъуным и Іэнатіэм щиІэ ехъулІэныгъэм папщІэ, 1949 гъэм мэкъуаугъэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ, Зеикъуэ къуажэм Кировым и цІэкІэ щызэхэт колхозым и тхьамадэ Бырс Анзор Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр кьыфІащащ. Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэси 125-рэ ирикъуа, лэжьыгъэшхуэ зыгъэхьеи, зи зэфІэкІыр къэралпсо утыкум кьыщалъыта а цІыху щыпкъэм и цІэр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ кьулейм дыщэпсКІэ хатхащ.

Кьыхэзгъэщыпхъэщ, шы фермэм и унафэщІ Щоджэн ТІолашэрэ нэхъыжь Кьалмыкъ Хьэжмуратри пщІэ лъагэ кьызэрыхуащІар, я гущІэ хэлэлым апхъэдэ дамыгъэ лъапІэ кьызэрыпэкІуар.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● ГъащІэм и дерсхэр

Насыпыр былымкІэ къащэхуркъым

(Къамыгупсыса хъыбар)

Сыт щыгъуи щыІащ щІыху кулейхэри тхьэмыщкІэхэри. Мылъкушхуэ зиІэхэр дыззэрыт зэманым Іэгъэбэгум хуэдэу багъуэри, нэхъ кулеиж хъуащ, апхъэдабзэу хэмыщІауэ псэухэм я бжьыгъэми махуэ кьэс хохъуэ. Сэ сызыІэлэн дзкІуэну кьыщІыхьуар 1925 - 1928 гъэхэрщ, ди щІыхуэр былымкІэ, шхынкІэ, шыгъынкІэ зэхъуажэу щыщІыта лъэхъэнэрщ.

А ЗЭМАНЫМ Псыгуэнсу къуажэм щыпсэуа лъэпкъ гуэрым я зы щІалэ щхьэгъусэ кьишэну мурад ищІащ. Адыгэхэм я хабзэрати, хьыджэбзым зыри еупщІкІыжьырэ-хьыкІалъэм дзкІуэну кулейуэ хуэмеими. Мылъку нэхъыбэ зиІэ унагъуэм езыр зыхуей хьыджэбзыр нысэ ящІу арат. ЩІалэмрэ хьыджэбзымрэ я кум лъагъуныгъэ дзпльыныр Іэмалынщэтэкъым. Ахэр зэи зэрымылъэгъуарэ зэрымыцІыхухэу, лъэпкъитІыр зэгурыІуэрти, хьыджэбзыр щІалэм я унэм кьаШэрт. ЗэрыжьісІам ещхьт зи хьыбар къэсІуатэ Іуэхури зэрежьар. Хьыджэбзым зыри химыщІыкІыу, здашэри зыхуашэри имыщІэу, щхьэгъусэ хуэхъунум и нэкІу имыплъауэ, абы и дзпльуэр лъыхъуэм ягурыІуат. Абы ипкъ иткІэ, Аушыджэр кьуажэм, хьыджэбзым и унагъуэм, щауэм и Іыхьлыхэм яхуащ уасэ папщІэу кьыхуагъэува былым хъушэр. ИужькІэ хьыджэбзыр, «щІалэр сцІыхуркъым, сызыхуэфшэр сщІэркъым», жиІэу гуІэжрэ гъэзыгу яшащ.

Адыгэхэм фэрыщІагъыу тхэлъхэм ящыщыщІ екІуэкІ Іуэхум зыри хамыщІыкІ хуэдэу куэдым зэрызащІыр. Абы ещхьу, зэкъуэшхэри кІэлъыпхъэращ я щыпхъум, илъэсипщІым и щынэхъыщІэ цІыкІуи ящІыгъуу. НысащІэ хуэдэу кІэрыт хьыджэбзым «си дзпльу цІыкІур кьыщІэнгъэхьэ, кхьыІэ», щыжиІам, ар и щыпхъу нэхъыжьым деж щІашащ. Хабзэм зэрыретым хуэдэу, щІалэ цІыкІум адыгэ фащэ екІу щыгът, хьэзырхэр кІэрыльэ самПІам кьамэри ильыжу. И дзпльхум ІэплІэ хуищІ хуэдэурэ, нысащІэм абы и сэр кьрепхъуэтри, и кьурмакъейр зэпеупщІыж. Абдежым зэрызехьэ кьохъу.

А зэманым машинэ апхъэдэу щыІэтэкъыми, нысащІэр шыгум ирагъэгъуалъхьри Налшык дэт сымаджэщым нагъэсащ, арщхьэкІэ хьахуегъэлакъым. Мылъкум дихьэха и дзпльхуэм ягІэщІэкІуэдащ дунеймэ гу щызыІыкьуа, зэфэну псыр иджыри кьемыжэха, лъагъуныгъэ жьыхуэпІэр гурэ псэкІэ зыхищІэну хунэмыса я щыпхъу.

Ар кьыщыхьуа махуэм и пщыхьэщхьэм нысэ зышахэр Аушыджэр кьуажэм зэрыхьри, хьыджэбзым щхьэгъусэ щІата биламыр Псыгуэнсу кьахужащ. А жащ дыдэми я щІалэм нэгъуэщІ кьыхуашащ, ари зэи имылъэгъуарэ имыщІыхуу. Аушыджэр кьрахужа биламхэри а цІыхубзым и унагъуэм яхущ.

«ЛъагъуныгъэР гуащІэщ» жаІэ фІэкІа, абы кьикІыр тэмэму куэдым кьагурыІуэркъым, ар щІалэгъуэм кьыщыщІэдзауэ дуней дахэм утетыхукІэ дакъикъэ кьэс гурэ псэкІэ зыхэпщІэу ущытым хуейщ. Иджыпстуи, лъагъуныгъэ зэхуамыІэхэхэу унагъуэ кьулейхэм я щІалэхэм нэхъ кьулеижхэм ягІэпхъэр кьыщІэрагъашэ щыІэщ. Уэ укъулейсызу унагъуэ кьулей гуэрым я хьыджэбзэ нысэу къэпхьмэ, кьыкІэлъэпхъэрахэм пхуэмыфащэ кьуапэсхьнкІэ хъунущ, «уэ пхуэдэ кьулейсызым ди хьыджэбзыр еттынукъым» жаІэу.

Апхъэдэу гъащІэр йокІуэкІ, мылъкумрэ гурыщІэмрэ ткІийуэ щызэпэщІэувэр нэхъыбэу, щІэпхъаджагъэр хабзэм и гущІыІу ящыщыхъуи щыІэу.

МЭКЪУАУЭ Іэмырбий,
лэжьыгъэм и ветеран.
Псыгуэнсу къуажэ

● Гу зылъытапхъэ

«Медиа Кавказ-2017» зэпеуэр къыхалъхьэ

Хабзэ хъуауэ, ди щІыналъэм илъэс кьэс щокІуэкІ щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэпеуэ. Мыгъэрей «Медиа Кавказ-2017» зэхьэзэхуэм хэтыну зи щурадзэм абы теухуа лъэІу тхылъ ягъэхь хъунущ ар кьыхэзылъхьа иоІи щыхьэзэрыпэщ «Иджырей кавказ политикэм и центр» (ЦСКП «Кавказ») мыкоммерческэ зэгухьэныгъэм и сайтым. Зэпеуэр даІыгъ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратымрэ Кавказ Ищхьэрэм и ЦІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

«МЕДИА Кавказ-2017» зэпеуэм ягъэхь хъунущ мы гъэм и щІышылэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ фокІадэм и 15 пщІондэ газетхэм, журналхэм кьытрадзауэ е эфирым кІуауэ щыт материалхэр. Ахэр теухуауэ щытын хуейщ унэтІныныгъэ 16-м. Апхъэдэхэщ, кьапщтэмэ, «КИФЩІ-м и репортёр нэхъыфІ», «Зы сурэтым кьИуатэ хьыбар», «Спортыр зи Іэпэгъу Кавказ», «Кавказым и цІыхухэр», «Кавказым и щІыуэпсыр», «ХьэщІэр зи щІасэ Кавказ», «Ди щІыналъэр дывгъэхъумэ», «КИФЩІ-м и пресс-Іэнатіэ нэхъыфІ», «КИФЩІ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъыфІ», «Пресс-релиз нэхъыфІ», «Фоторепортаж нэхъыфІ», «ХьыбарыщІэ сюжет нэхъыфІ», «Статья нэхъыфІ», «Видеоролик нэхъыфІ», нэгъуэщІхэри.

Мы зэманым ирихьэлІэу зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ящІащ Іэнатіэ, щыІэзэщхьэкІэ 200-м щІигъум. Нэхъ жьыдэру кьыщІэкІащ «Кавказыр - нобэ», «ТАСС» хьыбарегъащІэ агентствэхэр, нэгъуэщІхэри. Зэпеуэм кьагъэхь дэфтэрхэм фокІадэм и 15 - жэпуэгъуэм и 31 пІалъэм ящрибудзу хэплъэнущ абы кьыхуэзрагъэпэща кьэпщІытакІуэ гупхэр. ЩэкІуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу хьэзыр хунущ абы кьыхэжаныкІахэр зэрыт тхылъыр. Зэпеуэм щытекІуахэр утым щагъэтэжнущ Ингуш Республикэм и кьалащхьэ Магас илъэсым и кІэм щекІуэкІыну, Кавказ Ищхьэрэм и СМИ-хэм я V щІыналъэпсо зэхуэсым.

«Медиа Кавказ-2017» зэпеуэм хэтыну хуейхэм зыпыщІэ хунущ ЦСКП «Кавказ» мыкоммерческэ зэгухьэныгъэм хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм ядэлэжьакІуэ и Іэщ1агъэл Литовченкэ Сергей (телефоныр +7(962) 019 17 38).

КЪАРДЭН Маритэ.

● ЩІыуэпс

ХъупІэхэр зэІохьэ

Кьэбэрдей-Балъкъэрым ЩІыуэпс хъугъуэфІыгъуэ-хэмрэ экологимкІэ и министерствэм иджыблагъэ къыщыпатащ «ГуащІэмахуэ лъэпэ и лъэпкъ парким» иужьрей илъэс зэкІэлъыкІуэхэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр.

КЪЭПЩЦЫТЭНЫГЪЭХЭМ кьызэрыхэщамкІэ, 1986 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2016 гъэм нэсыху мэзыльэ щыпІэхэр километр зэбгъуэнатІи 150-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Я щытыкІэр щІагъуэкьым гъэмахуэ хъупІэхэми. Геоботаникэ кІэлъыплъыныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, мы щыпІэхэм я процент 40-р (Аурсэнтх), 25-р (Хьэмащэ) зэрыщытын хуей мардэм тетыжькъым - зэІохьэ. ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, ар кьызыхэкІыр Іэщыр мащІэ хуэу уз ежьужьхэр багъуэу зэрыхуежьарщ. ЗэманкІэ дызэІэбэкІыжмэ, мы щыпІэхэм Іэщыр яшэн ипэкІэ гьунэгу жьлагъуэкъм щыпсэуэхэр дашыри, пакІэ-пакІэу ягъэкьабзэрт. Хуэмурэ Іэщ щхьэ бжьыгъэр мащІэ щыхъум, хъупІэхэм елэжьыни зэпагъэуащ. ДзпэкІэ мы щыпІэхэм я щытыкІэр зэрырагъэфІэкІуэжьыным иужь итынущ ар зи кьалэн ІуэхущІапІэхэр.

ШЭРДЭЖ Дисэ.

● Абы дегъэпІейтей

Псыр псэхэлъхьэжщ жызыІар адыгэщ.

Псыхъуэхэр пхъэнкІий идзыпІэ зыщІар хэт?

Адыгэ къуажэхэр псы Іуфэ ІутІысхьэ хабзэт, псынщэу упсэуфыркъыми. Бжьамийкіэ пщІантІэхэм псы къакІуэ зэрыхъурэ псы ежэхэм, псынэхэм дызэфэну псыр кьитхыжыркъым, дипсэкри ялпэм хуэдизу къабзэжкъым. Псы ежэхэр зэрымыкъабзэм нэмыщІ, ди псыхъуэхэм я щытыкІэр нобэ хьэлэч дыдэщ. Зы хамэ гуэр къакІуэу зэтриуцІэпІаУэ аракъым, дэ езым ди Іэкіэ тхьыуэрэ хыфІэддэз пхъэнкІийм щІигъэнауэ аращ ди псыхъуэ дахэ къомыр.

ИЛЪЭС тІощ-щэщІ и пэкІэ ди псыхъуэхэр къабзэу щытащ. Сабий щыджэгунуи, балигъхэм зыщагъэпсэхунуи гуырыхъу апхуэдэт ди псы Іуфэхэр.

Псыхъуэ жьытІэмэ, хэт сыт и нэгу къыщІэувэрэ? Псыхъуэм хеубыдэ псы ежэх Іуфитым декІуэкІыу къыщыдыт щы Іэнэщ Іхэр, нэхъапэм псыр зэрыжжу щыта, псым дидзыхуа е драгъэдзыха нэужькІэ щыгуль зытрихьэу удз къызыгекІэжахэр. Ар уолъагъу, жыжьэу укъыщепІъмэ - жылэ щІагъуэ щыІэжъым псы Іуфэм Іумыс, псыхъуэ зимыІэ. Икіи нобэ зы жыли щыІэжкъым зи псыхъуэр къабзэу зыІыгъ. Псыр псэхэлъхьэжщ жызыІэу щыта адыгэр и псыхъуэмрэ и мэзымрэ щысхьырт, иджы зы илъэс тІощыырыщІым хьэщхьэрыІуэ хъуам хуэдэщ - ихъуреягъыр пхъэнкІий идзыпІэ ещІ. Къуажэ щыІэщ пхъэнкІийр зыдамыш, ар здахьым ямыгъуэту, къащыпэщІэхуэм деж щыхьфІадзэ. Ауэ, псалъэм щхьэкІэ, Аушыдыжэри Къамылыкъуи дыхьэурэ пхъэнкІийр даш, зы мазэм зы унагъуэм пхъэнкІий дэзышпщІэу итын хуейр соми 100 къудейщ. Ар ирамытын щхьэкІэ, шэрхъ зыщІэт гу цІыкІу иракІутэ я кІэрыхубжьэрыху къомри, псы Іуфэхэм (Шэрэзджрэ Балъкъарэ) яшэри, абдеж щракІут.

ПхъэнкІий хэкІыкІ хъуащ адыгэ къуажэхэр. Ялпэм къабзагъэм зыри пэзымыщІу щытахэм къатехъукІахэр сытуи дыгъэщІэгъуэн...

Хэт зымыщІэр зэ фІэкІа къамыгъэсэбэп хьэхъущыкъу, кумбыгъэ хуэдэхэри, псыпс хъуржынэри ильэсищэ бжьыгьэкІэ щыым зэрыхэмыкІуэдэжынур? Псоми ящІэ. Хэт зи я мыплъэр, хэт зымыльагъур а зыгуэрым ихьу ирикІуТа пхъэнкІийм адрейхэм зэрыхакІуэтэр? Псоми я нэр маплъэри, псоми ялъагъу. Апхуэдизу пхъэнкІийр щытфІэфІкІэ, ар мыгувэу ди бжэІупэм къэссыжынурэ ди унэм къыщІыхьэжынущ. Ар къэмысыну зи гугъэр щоуэ. Уэ ар умыльагъуми, уз зэмылІэужьыгъуэу уи бжэщхьэІу къебжъуэжынущ.

Иджыпсту ди сабийхэм сыткІэ я фІэщ пхуэщІын дэ псыхъуэ къабзэ дыщыджэгуу щытауэ? ЗэрыпхуэщІынур зыщ - псыхъуэ къабзэрэ къуажэ къабзэрэ ебгъэгъуэтыжмэщ.

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ.
Сурэтыр **Шыбзыхъуэ Астемыр** *трихащ.*

Ди псыхъуэхэр куэншыб идзыпІэ тщІыжащ.

Ди ялпэ псэуа щІэныгъэлІхэм, еджагъэшхуэхэм къыззранэкІа я тхыгьэхэр «къыззрытхуэупсэм» нэхьрэ нэхьыбжкІэ «топонимика» щІэныгъэр, «ЩІым и бзэкІэ» зэрджэр, къыщыдэти къохьу. Абы зыри пхупылъхьэнкъым, пхуэхэпщэнэкъым, пщІы ебгъэупсыну яужь уихьэми, жыжьэ унигъэсынукъым.

«ЩІЫПІЭЦІЭХЭР фэепльщ ахэр къыщІэзтена щІыналъэхэр зи хэщІапІэу щыта лъэпкъхэм я дежкІэ», - щитхыгъащ - географие щІэныгъэхэм я доктор Мурзаев Эдуард «Географиер - фІэщыгъэхэмкІэ» и тхылъ купщІафІэм.

Сочэ къалэм и Іэшэлъашэм ноби къыщагъэсэбэп щІыпІэщІэхэр къыззрыпэхуа щІыкІэр зэхэзыгъэкІыну яужь ихьэ дэтхэнэми а щІыналъэм нэхъапэм щыпсэуа лъэпкъхэм я бзэхэм я Іукіэри, я зэхэлъыкІэри тегъэщІапІэ ищІын хуейщ. Сыту жыпІэмэ, а Іэгъуэблагъэм ноби къыщагъэсэбэп щІыпІэщІэхэм куэду яхэтщ а лъахэм щыІуу щыта бзэхэм: убыхыбзэм, садзхэм (абазэ лъэпкъщ) я бзэм, нэгъуэщІхэми я псалъэпкъ щхьэхуэхэр, уеблэмэ, лъабжьитІщы яІэу.

Псалъэхэр щызэгъунэгъуам

Тхыдэм къыззрыхэщыжымкІэ, тенджыз ФІыщІэм и ипщэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ и псы-Іум адыгэхэр, абазэхэр, убыххэр зэгъусэу илъэсищэ бжьыгъэкІэ Іусыгъащ. Абы кІыхьэкІащ зым и бзэр адрейм зригъащІэу къыззрекІуэкІари, я псэлъэкІэхэм зэгъэзыгъэнкІ зэрязыныкъуэ жыІэгъуэхэр я гъунэгъу лъэпкъхэм къызэращтари, лъабжьэ зэхуэмыдэхэр щІыпІэщІэхэм зэрыщІэзэхэуварИ.

ДызэрыщІагъуазэщи, Урыс-Кавказ зауэм и кІэуухэм убыххэмрэ (аптІэхъуэхэр) абыхэм ялпэгъунэгъуу псэуа «садз», «жыджэт» («садзы», «джигеты») абазэ лакъуэхэмрэ къанэ щІагъуэ щымыІэу Тыркум Іэпхъуэуэ щытащ. АтІэми, «Щ1ым и бзэр» зыдж бзэ щІэныгъэлІхэм ящыщ куэдым зэрырагъэчыныкъымкІэ, Сочэ и Іэшэлъашэм щежэх псыхэми ахэр зи лъабжьэ щІэж лъагаилІэхэми ноби зэрахьэ фІэщыгъэхэм я нэхъыбапІэр а тІум- убыххэмрэ садзхэмрэ - я бзэхэм я кІэтехъуКІащ. АбыкІэ тегъэщІапІэщ урыс пащтыкъ дззэешэхэм яхуэлажьэу, Кавказым щэхуэри нахуэуи къыщызыкІухьа тІасхъэщІэххэм: Торнау Фёдор, Новицкий Георгий, Люльэ Леонтий сымэ, кІинэмыщІхэми, зауэ хуэІуэхуэщІэу, бгырыскэм я щІыналъэм и зэхэлъыкІэр къззыІуатэу, зэхагъэуваУэ щыта я картэхэри, Инджылыз, Франджы къэралыгъуэхэм, нэгъуэщІхэми къикІыу, адыгэ-убыхабазэ щІыналъэм зыщызыплъыхьа, уеблэмэ щыпсэуа: Дюбуа де Монпере, Белл Джеймс, Лапинский Теофил сымэ, нэгъуэщІхэми къызэранэкІа я тхыгъэхэри. Ахэр ди зэманми сэбэпышхуэ щыхъу щыІэщ, зи гугъу тщІы щІыпІэщІэхэм къарыкІыр зэхэгъэкІыныжкІэ.

«Курыт лІэщІыгъуэхэм я пэщІэдзэм къыщегъэжьауэ Урыс-Кавказ зауэр иухыху, Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм ипщэ-къухьэпІэжкІэ гъэза и джабэ нэкІуэм, нэхъ пыухыкІауэ къэдгъэпэгъуэмэ, Хуэстрэ Шахэрэ я зэхуаку дэпъщІынальэм, а лъэхъэнэм исыгъар убыхыбзэкІэ псалъэу щыта лІакъуэхэрщ, - дыкъыщоджэ щІэныгъэлІ, лъахэхутэ щІэрыІуэ Ворошилов Владимир «Топонимы Российского Черноморья. История и этнография в географических названиях» и тхылъ гъуэзэджэу 2007 гъэм Мейкъуапэ къыщыдигъэкІам. - Аращ, убыхыбзэм щыщу дызыщыгъуаззу къытхуэна псалъэхэр, адыгэбзэмрэ абазэбзэмрэ хэтхэм фІыуэ къащхьэщыкІхэр, къэдмыгъэсэбэпауэ, зи гугъу тщІы щІыгур ноби зыбгъэдахэ щІыпІэщІэхэм я нэхъыбапІэм я къэунэхуКІэ хъуар щІытхуэзэкъмыгъэкІынур...».

Ворошилов Владимир а и Іуэху еплъыкІауэ щІэзыгъэбыдэхэм ящыщ зыщ мы ІуэхуГуэрыныкъуэ бзэ щІэныгъэлІхэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, убыххэм я псалъэкІэр, ахэр иджыри Кавказым щиса иужьрей лъэхъэнэхэм, адыгэ, абхъаз, абазэ бзэхэм фІыуэ къащхьэщыкІат, Іукіэ щхьэхуи игъуэтат.

Дызэрыт лъэхъэнэмкІэ къедгъэзэкІыжынщи, щІыпІэщІэхэм «захэзыудыгГуауэ» щыта псалъэпкъхэм ящыщу, адыгэ, абхъаз бзэхэм къахэкІахэр къахэщІыкІыныр куэдкІэ нэхъ тынщщ, а тІум я бзэхэм фІыуэ хэзыщІыкІхэр, ирилажьэхэр ноби зэрыдиІэм и фІыгъэкІэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, убыхыбзэм къыхэкІа пычыгъуэхэм я Іуэху зыІутыр нэгъуэщІщ, абыхэм къарыкІыр, къыщыунэхуам яІа теплъэр зыхуэдар къыдгурызыгъэІуэфыну щыта щІыхуэхэр гуэтыгъуей дыдэ зэрыхъуам къыкъэкІкІэ. А щхьэусыгуэри ящыщщ бзитІ-бзищым къыхэжэпхъыкІа псалъэпкъхэр лъабжьэ зыхуэхъуа, щызэщІэува щІыпІэщІэхэм я «лъащІэм» хуиту унэзымыгъэплъыхсхэм.

Сочэ и Іэшэлъашэм ноби къыщагъэсэбэп фІэщыгъэхэм къыпхуэмыщІыхужкІи теплъэ зыгуэта куэд щІахэтым нэгъэщІ зы щхьэусыгуэри иІэщ: Урыс-Кавказ зауэм и ужькІэ ахэр къыщратхэкІыжым, урыс дзэ топографхэм ящыщу адыгэ-убых-абазэ жыІэкІэр урысыбзэм къизыгъэтІэсэну яужь ихьахэм абыкІэ зэупщІыну яГуэтыжар я лъахэм лъэщыгъэкІэ къафІинауэ щыта шапсыгъ-хьэкІуэ мащІэ тІэкІум ящыщхэрщ. ЗэрыгурыуэгъуэщІ, зызыхуагъэзахэм щІыпІэщІэхэм я нэхъыбапІэр къызэрапсэльар яІуриІ. Убзэм (адыгэбзэм и шапсыгъ-хьэкІуэ диалектым) къаззрыхуиуещакІуэ хъунущ.

ЩакІуэхэм щакІуэ Іэмэпсымэхэр зэрахьэну, къащэхуну, щэкІуэну хуит зыщІ тхылъ Іэмал имыІэу яІэн хуейщ.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Къурш ажэ.

ЩІым и бзэ

● Убых фІэщыгъэхэр

Бзыч

Хъуэпсы

Бзыч

Убыххэмрэ шапсыгъхэмрэ я щІыналъэхэм я зэпылъыпІэу къалІытэу щыта Шахэ псышхэм сэмэгу лъэныкъуэмкІэ щыхопъадэ. И хэхуэжыпІэр хы псыІум километр 30-кІэ пэжыжьэщ. ЩІэнысэлІхэм я нэхъыбэм зэрырагъэчыныхьымкІэ, фІэщыгъэр убыхыбзэм къыхэкІащ, Іыхьитіу зэхэлъщ: «бзы» - «псы», «чІы» - «чІыІэ», «щІыІэ». «Псы щІыІэ» жыхуиІэщ.

ХОБЗА - Хъуэбзы - Хъуэпсы

ПсыцІэщ. Сочэ тенджыз ФІыцІэм щыхэлъэдэжым къыщыщІэдзауэ ИщхьэрэКъухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ километр 19-кІэ и псыІур «пыуХащ». Мы зэманым абдежым щыІэ курортми а цІэ дыдэр зэрехьэ.

Мы фІэщыгъэм теухуауэ Іуэху еплъыкІэ зыбжанэ щыІащ. Абыхэм ящыщу трагъакІуэр ар убыхыбзэм къызэрытехъуКІарщ. «Хъуэ» псалъэм аптІэхъуэхэм я бзэкІэ дэ, адыгэхэм, «кхъуэ» зыхужкІэращ къикІыр. «Бзы» пычыгъуэр «псы»-м хуэгъакІуэ. Араци, Хобза-Хъуэбзы-Хъуэпсы. НэгъуэщІу жыпІэмэ, «кхъуэпс» мыхьэнэращ фІэщыгъэр зэрыщыту зыхуэкІуэжыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Щэкіуэгъуэр йокіуэкі

КъБР-м ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм къызэритымкІэ, 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м республикэм къыщызэІуахащ щэкІуэгъуэр.

А УНАФЭМ ипкъ итКІэ:

- ЩышхьэуІум и етІуанэ гъэбжьым къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 31-рэ хъуху къуалэбзу Іэлхэм;

- 2017 гъэм фокІадэм и 15-м къыщыщІэдзауэ 2018 гъэм мазаем и 28-рэ хъуху - цы щабэ зытет хьэкІэжхъуэкІэхэм;

- 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 2018 гъэм щышылэм и 31-рэ хъуху - тхьэкІумэкІыхьым

- 2017 гъэм шышхьэуІум и 1-м къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм щэкІуэгъуэм и 30 хъуху - къурш ажэм;

- 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 31-рэ хъуху - кхъуэ пІащІэм

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Узыншагъэмкіэ зэранщ

Зи бжыгъэм зэпымычу хэхъуэ машинэхэм къалэхэр ущымыбзуэжьыф ящІ. Ахэр зэрылажьэ гъэсыныпхъэм къапкърыкІ Іугъуэм и закъуэкъым зэранир, атІэ, гъэугум тельъ асфальтыр нэхъ шынагъуэжщ.

Асфальт лІэужьыгьуитІ щыІэщ: щІыдагъэр къыщыщІах щІыпІэхэм пэмыжьжьэу хьэзыру къыщІагъэутымрэ ІэрыщІымрэ. ЩІым къыщІахыр щабэщ, махэщ, пснынщІэу мэткІу. АсфальтобетонкІэ зэджэ Іэрыщ1ыр битумкІэ зэкІэрышха мывэкІэщхьэрэ пшахъэуэ зэхэльщ, зэрызэпкърыльэ пкъыгъуэхэм я процент бжыгъэм елъэитауи асфальтыр лІэужьыгьуэ зыбжанэу зэщхьэщокІ.

Ди псыхъуэхэр куэншыб идзыпІэ тщІыжащ.

Къуалэбзухэм дызэреджэр

Къашыргъэ

Бородач - Бланэукъ
Буревестник - Борэнпежьэ
Славка-завирушка - Вэдбгъэгуху
Садовая славка - Вэдгъэабжэ
Ворон - Вынд
Индейка - Гуэгуш
Индейки дикие - Гуэгуш Іэлхэр
Кряква - Губгъуэбабыщ
Серый гусь - Губгъуэкъаз
Сизый голубь - Губгъуэтхъэрыкъуэ
Южноевропейский орёл-беркут - Гъакъ
Могильник - Гъаф
Дубонос - Дубэкъ
Дрофа - Дудакъ
Попугай - Дыдыкъуш
Павлин - Дышэджэд
Авдотка - Джэдкусэ
Брама - Джэдлъэкъыцэ
Бройлер - Джэдтумэ
Стервятник - Дзэлыкъуэбгъэ
Детел - Жыгыуіу
Пеликан - Жьэдэыуэ
Мухоловка - Жьыкъан
Пегий лунь - Жьецкъуэлэн
Кукушка - Кіыгугу
Завирушка - Кіыкъыр
Домовой сыч - Кіыкіымэяу (жьынду лъэпкъыгъуэ)
Фазан - Мэзджэд
Перепел - Ныбгъуэ
Огарь - Къазплъыфэ
Гусь - Къаз
Сорока - Къанжэ
Сокол - Къаргъэй
Ястреб - Къашыргъэ
Пищуха - Къащ
Поползень - КъэбцІацІэ

БРАТ Хьэсин *и «Адыгэхэм я къуалэбзу щІэныгъэр» тхылъым къитхащ.*

Къэбціаціэ

Мэзджэд

Хъыбар кІэщІхэр

♦УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий унафэ къыдигъэкІащ узэлэжьыж мыхъуну къалъытэурэ щыІэм щІатІэ кІэрыхубжьэрыхуэм я бжьыгэр нэхъ мащІэ щІын хуейуэ. А унафэм ипкъ иткІэ, 2018 гъэм щыщІэдзауэ гъущІэкІэхэр, термометрхэр, дзэхум къыхэщІыкІа кумбыгъэхэр, фольгар, хьэфэр, полимерхэр, абджыр дяпэкІэ щІым щІатІэжьинкъым, атІэ зэрелажьэкъым, сэбэп хъун нэгъуэщІ хьэпшып къыззрыхащІыкІыжьмкІ Іэмал къалъыхъуэнущ. 2019 гъэм щІатІэжьинкъым тхылъымпІэм, абджым, полиэтиленым къыхэщІыкІа кумбыгъэхэр, шэрхъэр, 2021 гъэм - компьютерхэр, аккумуляторхэр, электроІэмэпсымэхэр. «Къыхэзыщыпхъэщи, зы илъэсым къиурыбыдэу щІыхуэм хьфІидзэ кІэрыхубжьэрыху тонн мелуан 71-м щыщу зэлэжьыжыр процент 7,5-рэщ, адрейр щІым щІатІэ», - жиІащ УФ-м щІыуэпсым и хъугъэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Донской Сергей.

♦Антарктидэ и ищхьэрэ дыдэ гъунапкъэмкІэ щыІэ Ларсен мылыльэм мыл абрагъуэ къыгуэкІащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мылыльэм къыгуэкІаУэ, хым ясу хэпъ мыл абрагъуэм нэхъ ин щІэныгъэлІхэм зэи ильэгъуакъым, километр зэбгъуэзнатІэ 5800-рэ (Уэльс хуэдизі!) мэхъу, тонн триллион и хьэлъагъащ. А къэхъугъэ тельыджэм 2011 гъэ ГъэндзэрэкІэльыпІэ щІэныгъэлІхэм я нэхъыщхьэ Лакмэн Эдриан зэрыжиІэмкІэ, мыл абрагъуэр мылылъэм къызэрыгуэкІынур ящІэрт, ауэ абы кърикІуэнкІэ хъунум зыри хащІыкІыркъым. «Мылыр щыкъуэцІыкІуу лъэпъэнкІэ хъунущ, и пІэм имыкІыу ильэс бжьыгъэкІэ псым хэпъынкІи мэхъу. Ларсен мылылъэм и зы Іыхьэшхуэ (США-м и Лонг-Айленд хьтІыгум хуэдиз хъу) 2002 гъэм къыгуэкІауэ щытащ. Антарктидэм хуэм-хуэмурэ и мылыр лъалъэмэ, абы фІы лъэпкъ кІырикІуэнукъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи», - жиІащ Лакмэн.

♦ИмыкІуту, пІыгъыну таншу, зэпкърымыхуу, дыкъэзыхъуреихь дунейм зыкІи зэ ІуплъэгъуэкІэ зэран хуэмыхъуу дызыщыгугъ тхылъымпІэ стэканхэр мы лъэхъэнэм щыІуэпсым и бий нэхъыщхьэхэм хабжэ. Ахэр тхылъымпІэм къыхэщІыкІауэ жалэ щхьэкІэ, и кІуэцІыр целлофанкІэ хъищыкІащи, кІэрыхубжьэрыхуэр щызэхадзкІэ, дызытепсэлъыхь стэканхэр гъэсныпхъэхэм халъхьэнрэ етІуанэ зэлэжь хъунухэм хабжэнрэ къахэщІэркъым. КъищынэмыщІауэ, апхуэдэ стэканхэр зэрызэпкърыльэ тхылъымпІэмрэ целлофаныр зэхэбгъэщхьэхуэкІыжьи папщІэ, щащІым щыгъуэ текІуэда мылъкум нэхърэ нэхъыбэ ихьынущ. Езыр кІэрыхубжьэрыхэм къызэрызыщІыкІыжьи къэпІъытэмэ, ещанэ гъуэгу уелэжьжьыну мыхьэнэ иІэхъэкъым. Аращи, щІыр зыкудэ, дызэрыбгуэ хьэуар зыиуІэпІ, псым щхъухь хэзыгТІыпщхьэ хъэпшыпхэм тонн мин бжьыгъэкІэ кхахэхъуащ.

♦«Газпром»-р хагъэхьащ ЩІым къытепсэ хуабэр зэрыщІым игъэзэжыныжкІэ зэран хъу (парниковый эффект) Іэхъущ1апІэхэм. Илъэс 28-рэ ипэкІэ хьахутауэ щытащ гъэсныпхъэм щелэжь Іэхъущ1апІэхэм къапкърыкІ Іуэзэщр атмосферэмкІэ щынагъуэу. А зэманым къриубыдэу углекислэ газу тонн мелард 833-рэ атмосферэм хаутІыпщхьащ зи гугъу тщІы Іэхъущ1апІэхэм, ар зэрызэраныр ящІэ пэтми. Абыхэм ящыщу хьэуар зэхъыбэу зыуцІэпІу къалъытар Китайм щыІэ, фІамыщІ къыщІэзэх (Іуэзэ тонн меларди 129-рэ), щыІдагъэмрэ газымрэ елэжь Saudi Aramco саудей Іэхъущ1апІэхэмрэ (Іуэзэ тонн меларди 40,561-рэ), урысей «Газпромым»-рэщ (Іуэзэ тонн мелард 35,221-рэ). Ди жагъуэ зэрыхъунщи, «ЛУКОЙЛ»-ри, «Роснефть»-ри, «Сургутнефтегаз»-ри яхэтщ абыхэм.

♦США-мрэ Канадэмрэ я щІымахуэр кІуэ пэтми нэхъ щІыІэ мэхъу. Ар къызыхэкІыр къащІэну ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэпэгъуамкІэ, Арктикэм кІуэ пэтми нэхъ хуабэ зэрыщыхъуращ зи зэраныр икІи мы Іуэхур къызэтеувыІэжынукъым. Арктикэм щыІэ температурэр ижьырей илъэс 36-м къриубыдэу градуси 6-7-кІэ дэкІуеящ, мылыр мэткІу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кхъухэпІэм и закъуэкъым ар зижьхэхуэр, атІэ, дуней псом ефыкІынущ.

www.econews.ru.

Ларсен мылылъэр мэщащэ.

И ЩАБАГЪКІЭ зэхуэмыдэ мывэкІэщхъ лІэужьыгъуэ зыбжанэ щхьэхуэ-щхьэхуэу ягъэкъабзэ, щІагъэкІ, ягъэгъущ, зы кумбыгъэ ираКІутэжри битум (процент 9 нэхърэ нэхъыбэ мыхъуу) хакІэж. Асфальтым и фІагъымрэ ар гъуэгум зэрытелъ зэманымрэ зэлъытыжар битумращ.

Асфальтыр нэхъыбэрэ гъуэгум телъын, жьыр, псыр, уаер, хуабэр, машинэ хьэлъэхэр зэран хуэмыхъун папщІэ, ар щагъавэкІэ серэ, яжьэ, хэфэщ, нэгъэщІ гуэрхэри халъхьэ.

ПщІантІэ кІуэцІхэм иралъхьагъащІэ асфальтыр апхуэдэу зэранкъым, илъэси 2-5 хъуаУэ телъхэм ельытаУэ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, хьэуам хэлъ гъуэз щхъухь куэд зыщІешэ асфальтым, икІи нэхъыбэрэ телъхуу, нэхъыбэ зэхуехьэс. ЗыщІишар къыпкърынэу аракъым, атІэ зэман гуэр дэкІа нэужь, алъандэрэ зэхуихьэса гынир къеутІыпщыж (псалъэм папщІэ, бдзапці), абы цІыхур иробауэ, и уэзыншагъэмкІи къызэрымыкІуэу зэранщ.

ГъэщІэгъуэнракъэ, машинэхэр куэду щызэблэкІ гъуэгуущхьэхэм свинецыр щыхэхъ машІэщ, пщІантІэ кІуэцІхэм деж къыщыщахутэм елъытауэ. Ар къызыхэкІыр - машинэм къыпих Іугъуэр гъуэгум деж къыщызэтемыувыІэу, жьы зэпихум кърихьэкІыурэ, пщІантІэ кІуэцІхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ дихьэращ.

Апхуэдэ къэхутэныгъэм щыгъуазэ ухъуа нэужь, уогупсыс: пщІантІэ кІуэцІхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ асфальтым и пІкІэ нэгъуэщІ зыгуэр телъхьэн хуейкъэ?! Асфальтыр нэхъ пудщ, дауи, дэнэкІи ар щыІтралъхьэр гурыІуэгъуэщ. Пэжщ, машинэхэр зэрызекІуэ гъуэгум къоэзгъ, ауэ, щІэныгъэлІхэм жаІэм уедалъуэмэ, щыцхуэр, сабийхэр нэхъыбэрэ щызэхэзэекІуэ лъэс лъагъуэхэмрэ пщІантІэ кІуэцІхэмрэ мывэкІэ е плиткэкІэ къищыкІамэ, узынишагъэмкІэ нэхъ сабэщ.

«ПщІантІэ кІуэцІхэмрэ лъэс лъагъуэхэмрэ асфальт тезыІтъхьэ машинэщхуэхэр, щызэблэкІыфырыкъыми аращ ахэр нэхъ псынщІэу къыщихужкІ. Іэкіэ яуба асфальтымрэ машинэм иубамрэ я фІагъыр зыкъым: пщІантІэ кІуэцІым телъыр нэхъ щабэу къоно, махэщ. Апхуэдэм Іугъуэр нэхъ псынщІэу зэщІешэ, гын нэхъыби къыпкърокІыж, жьымрэ псыІагъэмрэ нэхъ псынщІэуи егъэлажьэ. ХэкІыпІэу щыІэр зыщ - цІыхухэр нэхъыбэу щызэблэкІ щІыпІэхэм мывэ е плиткэ идзын хуейуэ аращ. Пэжщ, абы мыльхуэхуэ ищІынущ, ауэ нэхъыбэрэ лэжьэнущ, цІыхум и узынишагъэми лей ирихынукъым», - жеІэ УФ-м и Санэпидемнадзорым и технолог нэхъыщхьэ Геральдов Вениамин.

МИСИНЧУК Роман.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Налшык и уэрамхэм я фІэщыгъэхэр

● Абы дегъэпІейтей

Апхуэдизкіэ десэжащи, къытфІэІуэхуу дегупсысыркъым армыхъумэ, къуажэхэр, къалэхэр зэпызыщІэ уэрамхэм къалэныщхуэ ягъэзащІэ. Лъэсу, гукІэ, маршынэкІэ абыхэм дыщымыгъуащэу дыщызокІуэ, лъэныкъуитІымкІи тет унэхэм уэрамым и цІэр къыщыгъэлъэгъуащ, языхэзми тетха бжыгъэмкІэ гугъу дыдемыхьу дызыхуей унэр кьидогъуэт, ахэр къат зыбжанэ хъумэ, бжэ щыхьэпІэхэм деж тыншу къыщытхуэщІэнущ дызыхуей фэтэрыр здэщыІэр. Гукъэкі ящІу зи уэрамхэм пасэм цІэ фІэзымыща пасэрей цІыхухэр икъусыкъужкІэ гугъу ехьагъэнущ.

КЪАЛЭН пыуэхыкІа ягъэзащІэм нэмыщІ, уэрамхэм нэгъуэщІ зы Іуэху щхьэпи ялэжь. Абыхэм зэрахьэ цІэхэм блэкІа зэман жьжьэхэм я тхыдэм и нэпкъыжьэ куэд ятелъщ, лъэпкъым къыхэкІа цІыху пэрытхэм я цІэхэр, я ІуэхущІафэхэр кьыззэтрагъанэ, я щІыхьэр ягъэлъапІэ, лъэпкъ лакъуэ зэкІэлъыкІуэхэм ягу ирамыгъэхуу ахэр яхьумэ, къэхъу щІэблэщІэм щапхъэ яхуохъу. А псом и щІыІужкІи, уэрамхэр екІуу гъэщІэрэщІамэ, унэ дахэхэр тетмэ, ахэр зылъагъухэр ятхьэкъу.

Зэщхьу, зы жьпхъэм къигъэджэлам хуэдэу пасэм ящхуа унэ ди щыхьэрым дэтхэм, пэж жьпІэнумэ, узыгъэгуфІэн теплъэ кьеКІу ябгъэдэлъхъым. Абы и щІыІужкІэ, а кьалэ унэхэр иужь илъэсхэм нэхъри теплъаджэ ящІащ сатум игъэжэкъуа, нэпсеягъым ирихужьа ди цІыхухэм абыхэм къращІакІа Іуэхущ1а1пІэ, сату щІыпІэ зэхуэмыдэхэми. НэгъэущІ кьалэхэм (псалъэм папщІэ, Мэзкуу) ахэр щакъутэж, ауэ ди щыхьэрым жэщ-махуэ ямыІэу апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ, унэ къэс, пці1ащхьэ абгъуэу, зыгуэрхэр тращІыхь, пащІыхь, гуащІыхь.

Архитектурэ и лъэныкъуэкІэ Налшык и насып къызэримыкІам и мызакъуэу, пхужьІэнукъым абы и уэрамхэм зэрахьэ цІэхэми уи гу фІы пхуащІу. Абы и уэрамхэм я цІэхэм ятепщІыхьмэ, ар лъэпкъ нэхъ ину тІу щыпсэу республикэм и щыхьэру къыззэрытхуэщІэн щы-Іэкъым, ар Урысей кьалэ пхыдзэхэм къащхьэщыкІыу гу лъыптэркъым. Хэбгъэзыхьмэ, дэ я гугъу тщІыркъым совет лъэхъэнэхэм, хабзэ зэрыхъуэу, псэуКІэщІэм къигъэщІа псалъэхэу уэрам псоми абы щыгъуэ фІащахэм, къэралыгъуэм и щыпІэ куэдым ахэр зэрыщІэзэтехуэу щытами гъэщІэгъуэн хэлъкъым. Ди щхьэкІэ гукъуэу тщыхъур зыри кьызэрымыкІ, кьалэн гуэри зымыгъэзащІэ, хэбгъэзыхьмэ, ди щІыпІэм зыкІи къемыпха хамэ псалъэ кьызэрыгуэкІхэу ахэр зэрыщытхэрщ. Ди щыхьэрым и уэрамхэм (уэрамджкІэри хэту) яхэтщ мыпхуэдэ цІэхэр зезыхьэхэр: «Радужная», «Лиственный», «Луговая», «Грушевая», «Нижняя», «Поперечная», «Надречная», «Заречная», «Береговая», «Родниковый», «Набережная», «Зеленый», «Летняя», «Кизиловая», «Охотничья», «Чинарная», «Лесная», «Ореховая», «Сквозная», «Подгорная», «Степная», «Кузнечный», «Рудничная», «Самотечная». Налшык руда кьыщыщІах щІыпІэ щыІаУэ дэ дыщыгъуазэкъым, кІыщ цІэрыІуэ абы зэрыдэмытам и гугъу умыщІыхьи. Кьыздрахар, кьрагъэкІыну зыхэтар нэхъ мыгурыІуэгъуэ дыдэр «самотечнэ» псалъэрщ, абы щежэхыр сытми, ар дэнэ деж кьыщежьами щиухми зыщІыпІи щыгъэбелджылакъым. Дэ я гугъу тщІыркъым куэд щІауэ зэрахьуэкІын хуейуэ яІэщІэгъупщыкІа мыпхуэдэ уэрамыцІэхэм: «Коммунистическая», «Революционная», «Красная Армия», «Комсомольская», «Колхозная», «Совхозная», «Рабочая», «Крестьянская», «Пролетарская», «Милицейская», «Пионерская», «Краснопартизанская» жьхуиІэхэм.

Зы зэман, кьалэ унафэщІхэм гукъэкІ ящІри, уэрамыщІэхэм нарт эпосым и лІыхъужьхэм я цІэхэр фІащащ, цІыхухэм ахэр ягу ирихьащ, къащтащ, Нартан къужажэм пэгъунэгъуу кьызэрагъэпэща хьэблэщІэми езэгъыу, екІуу «Іэдииху» фІащыгъащ. Зи жэрдэмыр дэ тхузэхэгъэкІакъым, ауэ а зэман дыдэм абыхэм яхэбжьэхэуащ укъэзыгъэуІэбжь, кьызэремызэгъым гу лъымытэнкІэ Іэмал зимыІэ зы псалъэ - кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым абы щыгъуэ «Нартыхуэ» еджэу щІадзащ. Абы ар фІэзыщахэр е Хрущёвым и жьауэм щІэтащ, е гушыІэрейуэ щытагъэнщ, армыхъумэ, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи ар жьпІэнуи птхыныи кьыпхуегъэззэгъыркъым. Гъавэхэм, къэкІыгъэхэм, жыгхэм я цІэхэр ди уэрамхэм фІэтщу дыхуежьэмэ, ар зыпІагъу ди хьэщІэхэмрэ ди гъунэгъухэмрэ кьытщыдыкъэшхынщ, щІэнэкІалъэ дыкъащынщ.

Уэрамхэм фІащын цІэ щымыІэ, кьахуэмыгъуэт хуэдэ, щыхьэрым и тетхэм зы уэрамым и цІэм бжыгъэ зыбжанэ пагъэувэрти, Іуэхур тыншу зэфІагъэкІырт. Ди кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым зэгуэр «Линие» фІащати, е цІэ кьахуэмыгъуэтарэ, е гугъу зрамыгъэхьмэ нэхъ къащта, нэгъуэщІ хэкІыпІэ кьахуэмыгъуэтарэ - кьыкІэлъыкІуэ уэрамхэми «ЕтІуанэ линиекІэ», «Ещанэ линиекІэ» еджэу щІадзащ. Нэхъ телъыджэкщ «Промпроезд» уэрамым и щхьэ кьрикІуар - нуэху уэрамыщІэхэм цІэ кьыхуамыгъуэтурэ ар 24-м нахусащ. Куэд щІауэ а хьэблэм дэ дыдыхьэжакъым, ауэ, Іуэрыіуэтэжу зэрызэхэтхамкІэ, иджыблагъэ абыхэм ящыщ зыкъомым цІэ гуэрхэр кьыхуагъуэтащ.

Ди щыхьэрыр урыс кьалэхэм зыкІи кьаззэщхьэщымыкІыр нэгъуэщІ зы Іуэхуми белджылы кьыпщещІ. Е зэрымыщІэкІэ яІэщІэщІауэ, е щыуэу яІэщІэкІауэ уэрамхэм я цІэхэм ди бзэхэмкІэ зытетха яхэплъагъуэркъым, ахэр псоми зэрытхар урысыбзэкІэщ. Абы щыгъуэми дэ дыльэпкъ республикэщ, конституцэ диІэщ, абы итхащ, щыгъэбыдащ Іуэху иризетхэну, щыэекІуэну ди лъэхэм къэралыбзищ зэрИІэр - адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ауэ гурыІуэгъуащэу щыткъым хэкум щыпсэу лъэпкъитІым я бзэхэм я кьалэнэри зым щІигъэзащІэр, конституцэм итхар икъутэну зи пщэ дэзыплъхьэжар. Къэзан и уэрам псоми я цІэхэр бзищкІэ тетхащ - тэтэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, абы щхьэкІи ахэр зыми игъэкъуанэркъым. Ар дэнэ кьэна, илъэс зытІущ илэкІэ телевизорым кьигъэлъэгъуащ Поволжьем щыпсэу зы нэмыцэ кьуажэ. Абы и уэрамхэм, Іуэхущ1а1пІэхэм зэреджэхэр нэмыцэбзэ закъуэщ зэрытхар. Белоруссием ис зы журт кьуажэм теухуауэ иджыблагъэ телевизоркІэ кьагъэлъэгъуа нэтыным идиш фІэкІа, нэгъуэщІыбзэ кьыщыгъэсэбэпакъым.

Ди республикэм и кьалэхэм, къуажэхэм, псыхэм я цІэхэр зыгъэлъагъуэ дамыгъэхэм зэрытетхар урысыбзэкІэщ. Пэжщ, хэт и фІыгъэми тщІэркъым, ауэ сыщыгъуаззщ зы къуажэм - Псыхъурейм - и дыхьэпІэм деж гъэщІэрэщІауэ щыт мывэм а жьлэм и цІэр адыгэбзэ кьабзэкІэ зэрытетхам. Ауэ си кьуажэм тетыр «С. Арик» жиІэущ. КъытфІэмыІуэху, кьыдгурымыІуафэ зытедгъауэ щхьэкІэ, лъэпкъыбзэм и кьалэныр зэримыгъэзащІэм мащІэ-мащІэурэ абы и лъэр щІех, лъэпкъ щІыхьыр егъэлъахъшэ, абы и цІыхухэм я бзэм пщІэ хуамыщІыж мэхъу, анэдэлъхубзэм и пщэдейр зэрыхэплъэгъуэми ар и зы нэщэнэщ.

Дэтхэнэ лъэпкъри яужь итщ и щІыху пэрытхэм, хэкум, кьыдалъхуахэм гурэ псэкІэ яхуэлэжьахэм я цІэ лъапІэхэр зэрахъумэным, кьащІэтаджэ щІэблэщІэм ахэр ягу зэрырамыгъэхуным. Абы и Іэмал хъарзынэщ апхуэдэ щІыхь зыхуэфащэхэм я цІэхэр кьуажэ, кьалэ уэрамхэм, еджапІэхэм фІэщыныр. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъ нэхъ инитІым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - апхуэдэпщІэ къэзылэжьахэр гъунэжу яІэщ, ди уэрамхэм абыхэм я цІэхэр зэрахьэ мэ куэдкІэ нэхъыфІщ, «Радужная», «Надречная» псалъэхэр къэдгъэсэбэп нэхърэ.

Кьалэ уэрамхэм лъахэм зыкІи къемыпха цІэхэр щыфІащым ди нэхъыжьхэм яІэщІэщІа щыуагъэхэр дгъэзэкІуэжыныр игъуэ хъуащ, блэмыкІамэ. Ар пщІэныр зэрымытыншыр дэ кьыдгуроІуэ, ауэ а Іуэхур нэсу зэфІэзыхьи гуп кьалэ тхьэмадэм и деж кьыщІэзэгъэпэщауэ, ахэр лэжьыныр абы и пщэ дэлъхьэн хуейщ. ИджыкІэ пыуыкІауэ я цІэ кьидмыІуэми, зи цІэ кьалэ уэрамхэм фІэщыпхъэ куэд лъэпкъитІым яІэщ. Мы дызытепсэлъыхь Іуэхур тэмэму зэфІэдгъэкІмэ, пэжыр зэфІэдгъэувэжу, ди щхьэм пщІэ хуэтщІыжу аркъудейщ. Абы щхьэкІи дэ хабзэкъути дыхъунукъым, зыми зыкІи дигъэжьэунэшэнукъым.

ПЭЖ Андемыркъан.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



ХХ лІэщІыгъуэм и 20-30 гъэхэм Сирием щыІащ адыгэ шууей гупхэр. Ахэр эскадрони 4 хъурт, франджы армэм хэтт. Шэрджэс зауэлІхэм я лІыгъэм, зэфІэкІым тхьилъхэр тратхыхьащ, фильмхэр трахащ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Уголовнэ Іуэху къызэІуах

Джэрмэнышек къуажэм щыщ цІыхухъуэм и лъэІукІэ къэпщытэныгъэ щригъэкІуэкІым, «Газпром-Псыхуабэ щІыналъэ зэхуаку газ» ООО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакІуэм зэрихьа гъэпцІагъэр Аруан щІыналъэ прокуратурэм къыщІигъэщащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКІЭ, къигъэсэбэпа газым и уасэм пигъэкІуэн, кьытехуа щІыхуэр тригъэкІыжын хуэдэу кьигъэгугъэри, 2015 гъэм сом мин 30 абы гъэпцІагъэкІэ цІыхухъуэм кьыІэщигъэкІри, зыкІэщІиупщІат.

УФ-м и УПК-м и 37-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 2-нэ пунктым зэрыщыбзыхуам тету, Урысейм и МВД-м и «Аруан» щІыналъэ зэхуаку Іуэхущ1а1пІэм следствэмкІэ и къудамэм къэпщытэныгъэм и тхыльхэр ираташ.

Абыхэм хэплъэри, Урысей Федерацэм и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ, 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м уголовнэ Іуэху къызэІуахащ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

Зауэр зэрекІуэкІар уи нэгу къыщІагъэувэ

«Заоблачный фронт» дзэ-тхыдэ фестивалым хуагъэхьэзырауэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ дже щежэх Гарабаши псы цІыкІумрэ Азау хуеймрэ я кум деж 1942 гъэм зауэр зэрыщекІуэкІар уи нэгу къыщІэзыгъэхьэж теплъэгъуэ ягъэлъэгъуащ. Абы еплъыну къызэхуэсат Іуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэуэхэмрэ Терскол дэт курыт еджапІэм щІэсхэр (ахэр илъэс еплІанэ хъуауэ жыдджру хэтщ Хэку зауэшхуэм и фэеплъу къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм).

1942 ГЪЭМ и бжьыхьэм советыдзэмрэ «Эдельвейс» фашист дивизэм щыщ гупымрэ гуащІэу зэрызэпэщІэтар Іупщу уи нэгу къыщІагъэувэрт абыхэм. Тхыдэм къызэрыхэщІыжьыкІэ, фашистхэм «Приют-11»-р яубыда иужь, Азау хуейм къыхэкІуэу щІадзащ, Терскол лъэныкъуэри яубдын мурад яІэу. Ауэ ахэр пэмыплъэхуэу Дзэ Плъыжьхэм яІущІэри, хагъэщІащ.

Фестивалым хэтхэм я псэукІэр зауэ зэманым щыІам ещхьу къызэрагъэпэщащ, зэрахьэри а зэманым щыІа хъэпшыпхэмрэ щыгъэнхэмрэт.

КъэлыхъуэкІуэ гупхэм зэгъэхьэзыра «Тайна солдатского поля» гъэлъэгъуэныгьи мыбы щокІуэкІ. «Судьба солдата» Іуэхур езыгъэкІуэкІхэм я жылагъуэ егъэблэгъапІэ абдеж къыщІэзэрагъэпэщащи, Хэку зауэшхуэм хъыбарыншэу хэкІуэда я благъэхэм я цІэ-уэнцІэр ирагъэтхмэ, я Іуэху къызэрекІуэкІар къыхуащІэнущ.

1943 гъэм мазаем и 13-м зауэлІ-альпинистхэм зэрахьа лІыгъэм и фэеплъ Іуэхур щыщхьэІуэм и 15 хьэуу екІуэкІынущ. Иужьрей махуэм Терскол щыІэ къуэшыкхъэм щыщІалъхъэжынущ Дзэ Плъыжьым хэта зауэлІхэм я хьэдэ къупщхьэхэр.

Фестивалыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэм, Іуащхьэмахуэ муниципалнэ щІыналъэм и администрацэм, Эльбрус кьуажэ администрацэм, «Мемориал «Эльбрус» къэлъыхъуакІуэ гупым, Башкортостан Республикэм ЩІалэгъуалэ политикэмрэ спортымкІэ и министерствэм, нэгъуэщІхэми.

ТАРИМ Алисэ.
Сурэтыр **Хаджиев Жэмал** *трихащ.*

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

НаркотикхэкІхэр къытрах

Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм цІыхухэм зы жэщ-махуэм къытрахащ хабзэм къемызэгъыу ирагъэкІ марихуанэ грамм 800-м щигъу, гашиш дагъэ грамм 42-рэ.

УРЫСЕЙ МВД-м и «Аруан» къудамэм и наркополицейхэмрэ «Пэскэн» полицэ къудамэм полицэм и участкоэ уполномоченнэхэмрэ Арщыдан къуажэкІэм щыІэ Іэщ фермэм и Іэгъуэблагъэм щафыбудащ мы жылэм щыщ, илъэс 18 зи ныбжь щІалэр.

Абы зэрыжиІамкІэ, щІэпыр зэхуихьэсат езым зрихьэлІэн мурадкІэ. Экспертизэм зэрыубзыхуамкІэ, къытрахар грамм 545-рэ мэхъу.

А махуэ дыдэм Дзэлыкъуэ районым и полицейхэм Дзэлыкъуэкъуажэм и пхъэ зэгуэхыпІэ цехым дзэлыкъуэдэсым къыщытрахащ марихуанэ грамми 105-рэ. Урысей МВД-м Шэджэм щІынальэм щыІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм Шэджэм кьалэ гъунэм щаубыдащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 38-рэ зи ныбжь щхьэлыкъуэдэсыр икІи марихуанэ грамми 106-рэ къытрахащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и лэжьакІуэхэм къагъэувыІащ «Мерседес» автомашинэр. Ар Ингуш Республикэм щыпсэу, илъэс 38-рэ зи ныбжь цІыхухъуэм ейт. Машинэр къыщапІыхьым, полицейхэм гу лъатащ псыхэкІ къъуэщІныфэ зэрыт пластик птулькІитІым. Абы щыгъуэми дэ дыльэпкъ республикэм и гранмэ 105-рэ зэрыхъуащІ зы Іуэху щхьэпи ялэжь. Абыхэм зэрахьэ цІэхэм блэкІа зэман жьжьэхэм я тхыдэм и нэпкъыжьэ куэд ятелъщ, лъэпкъым къыхэкІа цІыху пэрытхэм я цІэхэр, я ІуэхущІафэхэр кьыззэтрагъанэ, я щІыхьэр ягъэлъапІэ, лъэпкъ лакъуэ зэкІэлъыкІуэхэм ягу ирамыгъэхуу ахэр яхьумэ, къэхъу щІэблэщІэм щапхъэ яхуохъу. А псом и щІыІужкІи, уэрамхэр екІуу гъэщІэрэщІамэ, унэ дахэхэр тетмэ, ахэр зылъагъухэр ятхьэкъу.

Зэщхьу, зы жьпхъэм къигъэджэлам хуэдэу пасэм ящхуа унэ ди щыхьэрым дэтхэм, пэж жьпІэнумэ, узыгъэгуфІэн теплъэ кьеКІу ябгъэдэлъхъым. Абы и щІыІужкІэ, а кьалэ унэхэр ижь илъэсхэм нэхъри теплъаджэ ящІащ сатум игъэжэкъуа, нэпсеягъым ирихужьа ди цІыхухэм абыхэм къращІакІа Іуэхущ1а1пІэ, сату щІыпІэ зэхуэмыдэхэми. НэгъэущІ кьалэхэм (псалъэм папщІэ, Мэзкуу) ахэр щакъутэж, ауэ ди щыхьэрым жэщ-махуэ ямыІэу апхуэдэ лэжьыгъэхэр щокІуэкІ, унэ къэс, пці1ащхьэ абгъуэу, зыгуэрхэр тращІыхь, пащІыхь, гуащІыхь.

Архитектурэ и лъэныкъуэкІэ Налшык и насып къызэримыкІам и мызакъуэу, пхужьІэнукъым абы и уэрамхэм зэрахьэ цІэхэми уи гу фІы пхуащІу. Абы и уэрамхэм я цІэхэм ятепщІыхьмэ, ар лъэпкъ нэхъ ину тІу щыпсэу республикэм и щыхьэру къыззэрытхуэщІэн щы-Іэкъым, ар Урысей кьалэ пхыдзэхэм къащхьэщыкІыу гу лъыптэркъым. Хэбгъэзыхьмэ, дэ я гугъу тщІыркъым совет лъэхъэнэхэм, хабзэ зэрыхъуэу, псэуКІэщІэм къигъэщІа псалъэхэу уэрам псоми абы щыгъуэ фІащахэм, къэралыгъуэм и щыпІэ куэдым ахэр зэрыщІэзэтехуэу щытами гъэщІэгъуэн хэлъкъым. Ди щхьэкІэ гукъуэу тщыхъур зыри кьызэрымыкІ, кьалэн гуэри зымыгъэзащІэ, хэбгъэзыхьмэ, ди щІыпІэм зыкІи къемыпха хамэ псалъэ кьызэрыгуэкІхэу ахэр зэрыщытхэрщ. Ди щыхьэрым и уэрамхэм (уэрамджкІэри хэту) яхэтщ мыпхуэдэ цІэхэр зезыхьэхэр: «Радужная», «Лиственный», «Луговая», «Грушевая», «Нижняя», «Поперечная», «Надречная», «Заречная», «Береговая», «Родниковый», «Набережная», «Зеленый», «Летняя», «Кизиловая», «Охотничья», «Чинарная», «Лесная», «Ореховая», «Сквозная», «Подгорная», «Степная», «Кузнечный», «Рудничная», «Самотечная». Налшык руда кьыщыщІах щІыпІэ щыІаУэ дэ дыщыгъуазэкъым, кІыщ цІэрыІуэ абы зэрыдэмытам и гугъу умыщІыхьи. Кьыздрахар, кьрагъэкІыну зыхэтар нэхъ мыгурыІуэгъуэ дыдэр «самотечнэ» псалъэрщ, абы щежэхыр сытми, ар дэнэ деж кьыщежьами щиухми зыщІыпІи щыгъэбелджылакъым. Дэ я гугъу тщІыркъым куэд щІауэ зэрахьэуэкІын хуейуэ яІэщІэгъупщыкІа мыпхуэдэ уэрамыцІэхэм: «Коммунистическая», «Революционная», «Красная Армия», «Комсомольская», «Колхозная», «Совхозная», «Рабочая», «Крестьянская», «Пролетарская», «Милицейская», «Пионерская», «Краснопартизанская» жьхуиІэхэм.

Зы зэман, кьалэ унафэщІхэм гукъэкІ ящІри, уэрамыщІэхэм нарт эпосым и лІыхъужьхэм я цІэхэр фІащащ, цІыхухэм ахэр ягу ирихьащ, къащтащ, Нартан къужажэм пэгъунэгъуу кьызэрагъэпэща хьэблэщІэми езэгъыу, екІуу «Іэдииху» фІащыгъащ. Зи жэрдэмыр дэ тхузэхэгъэкІакъым, ауэ а зэман дыдэм абыхэм яхэбжьэхэуащ укъэзыгъэуІэбжь, кьызэремызэгъым гу лъымытэнкІэ Іэмал зимыІэ зы псалъэ - кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым абы щыгъуэ «Нартыхуэ» еджэу щІадзащ. Абы ар фІэзыщахэр е Хрущёвым и жьауэм щІэтащ, е гушыІэрейуэ щытагъэнщ, армыхъумэ, адыгэбзэкІи урысыбзэкІи ар жьпІэнуи птхыныи кьыпхуегъэззэгъыркъым. Гъавэхэм, къэкІыгъэхэм, жыгхэм я цІэхэр ди уэрамхэм фІэтщу дыхуежьэмэ, ар зыпІагъу ди хьэщІэхэмрэ ди гъунэгъухэмрэ кьытщыдыкъэшхынщ, щІэнэкІалъэ дыкъащынщ.

Уэрамхэм фІащын цІэ щымыІэ, кьахуэмыгъуэт хуэдэ, щыхьэрым и тетхэм зы уэрамым и цІэм бжыгъэ зыбжанэ пагъэувэрти, Іуэхур тыншу зэфІагъэкІырт. Ди кьалэм и уэрамхэм ящыщ зым зэгуэр «Линие» фІащати, е цІэ кьахуэмыгъуэтарэ, е гугъу зрамыгъэхьмэ нэхъ къащта, нэгъуэщІ хэкІыпІэ кьахуэмыгъуэтарэ - кьыкІэлъыкІуэ уэрамхэми «ЕтІуанэ линиекІэ», «Ещанэ линиекІэ» еджэу щІадзащ. Нэхъ телъыджэкщ «Промпроезд» уэрамым и щхьэ кьрикІуар - нуэху уэрамыщІэхэм цІэ кьыхуамыгъуэтурэ ар 24-м нахусащ. Куэд щІауэ а хьэблэм дэ дыдыхьэжакъым, ауэ, Іуэрыіуэтэжу зэрызэхэтхамкІэ, иджыблагъэ абыхэм ящыщ зыкъомым цІэ гуэрхэр кьыхуагъуэтащ.

Ди щыхьэрыр урыс кьалэхэм зыкІи кьаззэщхьэщымыкІыр нэгъуэщІ зы Іуэхуми белджылы кьыпщещІ. Е зэрымыщІэкІэ яІэщІэщІауэ, е щыуэу яІэщІэкІауэ уэрамхэм я цІэхэм ди бзэхэмкІэ зытетха яхэплъагъуэркъым, ахэр псоми зэрытхар урысыбзэкІэщ. Абы щыгъуэми дэ дыльэпкъ республикэщ, конституцэ диІэщ, абы итхащ, щыгъэбыдащ Іуэху иризетхэну, щыэекІуэну ди лъэхэм къэралыбзищ зэрИІэр - адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр. Ауэ гурыІуэгъуащэу щыткъым хэкум щыпсэу лъэпкъитІым я бзэхэм я кьалэнэри зым щІигъэзащІэр, конституцэм итхар икъутэну зи пщэ дэзыплъхьэжар. Къэзан и уэрам псоми я цІэхэр бзищкІэ тетхащ - тэтэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, абы щхьэкІи ахэр зыми игъэкъуанэркъым. Ар дэнэ кьэна, илъэс зытІущ илэкІэ телевизорым кьигъэлъэгъуащ Поволжьем щыпсэу зы нэмыцэ кьуажэ. Абы и уэрамхэм, Іуэхущ1а1пІэхэм зэреджэхэр нэмыцэбзэ закъуэщ зэрытхар. Белоруссием ис зы журт кьуажэм теухуауэ иджыблагъэ телевизоркІэ кьагъэлъэгъуа нэтыным идиш фІэкІа, нэгъуэщІыбзэ кьыщыгъэсэбэпакъым.

Ди республикэм и кьалэхэм, къуажэхэм, псыхэм я цІэхэр зыгъэлъагъуэ дамыгъэхэм зэрытетхар урысыбзэкІэщ. Пэжщ, хэт и фІыгъэми тщІэркъым, ауэ сыщыгъуаззщ зы кьуажэм - Псыхъурейм - и дыхьэпІэм деж гъэщІэрэщІауэ щыт мывэм а жьлэм и цІэр адыгэбзэ кьабзэкІэ зэрытетхам. Ауэ си кьуажэм тетыр «С. Арик» жиІэущ. КъытфІэмыІуэху, кьыдгурымыІуафэ зытедгъауэ щхьэкІэ, лъэпкъыбзэм и кьалэныр зэримыгъэзащІэм мащІэ-мащІэурэ абы и лъэр щІех, лъэпкъ щІыхьыр егъэлъахъшэ, абы и цІыхухэм я бзэм пщІэ хуамыщІыж мэхъу, анэдэлъхубзэм и пщэдейр зэрыхэплъэгъуэми ар и зы нэщэнэщ.

Дэтхэнэ лъэпкъри яужь итщ и щІыху пэрытхэм, хэкум, кьыдалъхуахэм гурэ псэкІэ яхуэлэжьахэм я цІэ лъапІэхэр зэрахъумэным, кьащІэтаджэ щІэблэщІэм ахэр ягу зэрырамыгъэхуным. Абы и Іэмал ХъарзынэщІ апхуэдэ щІыхь зыхуэфащэхэм я цІэхэр кьуажэ, кьалэ уэрамхэм, еджапІэхэм фІэщыныр. Ди республикэм щыпсэу лъэпкъ нэхъ инитІым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - апхуэдэпщІэ къэзылэжьахэр гъунэжу яІэщ, ди уэрамхэм абыхэм я цІэхэр зэрахьэ мэ куэдкІэ нэхъыфІщ, «Радужная», «Надречная» псалъэхэр къэдгъэсэбэп нэхърэ.

Кьалэ уэрамхэм лъахэм зыкІи къемыпха цІэхэр щыфІащым ди нэхъыжьхэм яІэщІэщІа щыуагъэхэр дгъэзэкІуэжыныр игъуэ хъуащ, блэмыкІамэ. Ар пщІэныр зэрымытыншыр дэ кьыдгуроІуэ, ауэ а Іуэхур нэсу зэфІэзыхьи гуп кьалэ тхьэмадэм и деж кьыщІэзэгъэпэщауэ, ахэр лэжьыныр абы и пщэ дэлъхьэн хуейщ. ИджыкІэ пыуыкІауэ я цІэ кьидмыІуэми, зи цІэ кьалэ уэрамхэм фІэщыпхъэ куэд лъэпкъитІым яІэщ. Мы дызытепсэлъыхь Іуэхур тэмэму зэфІэдгъэкІмэ, пэжыр зэфІэдгъэувэжу, ди щхьэм пщІэ хуэтщІыжу аркъудейщ. Абы щхьэкІи дэ хабзэкъути дыхъунукъым, зыми зыкІи дигъэжьэунэшэнукъым.

ПЭЖ Андемыркъан.

● Футбол

Сыжажэ МуІэед ягу къагъэкІыж

Командзэкэр ерыщу зэпэщІэтащ. Республикэм и Следственнэ комитетым и футболистхэр псоми ефІэкІащ икІи саугъэт нэхъыщхьэр зыІэрагъэхьащ. Абыхэм къакІэлъокІуэ «Эталон»-р. Бахьсэн кьалэм и гупыр ещанэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

2011 гъэм шыщхьэуІуэм и 30-м бзаджащІэхэм яІэщІэкІуэда. МВД-м и полковник Сыжажэ МуІэед футболымкІэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ иджы еханэу Бахьсэн районым щекІуэкІащ. Абы хэтащ топджэгум и ветеранхэм я командзэкэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ кьрихьэлІат Урысей МВД-м и «Бахьсэн» къудамэм, «Эталон» (Бахьсэн), «Старая гвардия» (Налшык), КъБР-м и Следственнэ комитетым, Бахьсэн кьалэм, Бахьсэн районым, Нарткъалэ, Псыгуэнсу кьуажэм я гупхэр.

Къызэхуэсахэм къызэгъэпэщакІуэхэм я цІэкІэ псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхьуэбэч Андзор. Абы къыхигъэщащ хабзэр ихъумэу зэкІуэда офицерым и фэеплъыр ящыгъупщэ зэрымыхъунур икІи футболистхэм ехъуэхъуащ мы зэхьэзэхуэм я насып щытекІуэну.

Сыжажэ МуІэед и адэ Іуес и къуэм пщІэ зэрыхуащІыр зэригупэр жиІащ икІи абыкІэ фІыщІэ яхуищІащ районым и администрацэмрэ зэпеуэм кърихьэлІахэмрэ.

Абыхэм къакІэлъокІуэ «Эталон»-р. Бахьсэн кьалэм и гупыр ещанэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Зэлим** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1а1пІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1а1пІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ